4. Eske gen lòt jan pou moun vwayaje?
5. Ki jan yon moun ka vwayaje sou tè?
6. Eske li kapab pran avyon tou?
7. Ki jan nou ka vwayaje si nou pral lòt ba dlo?
8. Se tout moun ki ka vwayaje sou lanmè?
9. Pou ki sa?
10. -Eske ou konn malad sou lanmè?

11. Ki kote ki gen plis bagay pou wè leù ou ap vwayaje, sou tè ou byen sou lanmè?
12. Pou ki sa gen moun ki pito vwayaje sou lanmè?
13. Ki bagay yon moun ka fè leù l-ap vwayaje sou lanmè?
14. Nou renmen vwayaje sou lanmè?
15. Ki jan ou pito vwayaje?

16. Ki kalite moun ki gen bato yo?
17. Moun sa ki gen bato yo, yo kab ale kote yo vle?
18. Eske menm moun sa yo kapab ale yon kote leù yo vle?
19. Ou kapab ale kote ou vle, leù ou vle?
20. Eske ou gen yon bato?

21. Eske se yon ti zafè pou kondwi yon bato?
22. Leù ou nan mitan lanmè, ki sa ou wè tou patou?
23. Leù kon sa ou pa wè tè?
24. Tout moun kapab kondwi yon bato?
25. Ki sa pou ou ye pou ou ka kondwi yon bato?

26. Se navigate seùlman ki travay sou bato?
27. Ki moun ankò nou ka wè sou yon bato?
28. Leù ou pral sou lanmè pou kèk jou, ki sa pou ou sonje pote abò?
29. Ki sa pou ou konnen anvan ou konnen konbyen provizyon pou ou pote?
30. Madanm ou fè provizyon jodi-a?

31. Pou konben moun pou ou fè provizyon lakay ou?
32. Si manke manje ak dlo sou lanmè, èske se yon bagay grav?
33. Nou konn manke manje lakay nou?
34. Eske gen de kote moun konn manke manje?
35. E an Ayiti?

36. Bato yo konn trò chaje?
37. Leù bato yo trò chaje, èske yo ka vwayaje byen?
38. Eske lanmè toujou kalm?
39. Konben maren ki genyen isit la?
40. Maren sa yo konn navige yon bato?

V. GRAMMAR NOTES

A. Reduplication

In Creole, the most frequent way to give emphasis is to reduplicate the element that one wishes to emphasize.

1. Simple Repetition

The simplest type of reduplication is the simple repetition of the emphasized element. The last occurrence of the element is accompanied by considerable stress on its last syllable.

Example:

Yo plede.
Yo plede, yo plede, yo plede.

They argued.
They argued endlessly.

Machi-n nan gro.
Machi-n nan gro, li gro, li gro, li gro.

The car is big.
The car is very big.

2. The Adverb *byen* (Intensifier)

Often the emphasized element is repeated once with the adverb *byen* used as an intensifier in the reduplication. It appears before the repetition of the emphasized element. Example:

Yo plede.
Yo plede *byen* plede.
Machi-n nan gro.
Machi-n nan gro *byen* gro.

They argued.
They argued a lot.
The car is big.
The car is really big.

3. *Ala* (Intensifier)

The emphasized element is sometimes shifted to the beginning of the sentence and is there preceded by the exclamation *ala* as an intensifier. Example:

Yo plede.
Ala plede yo plede!
Machi-n nan gro.
Ala gro machi-n nan gro!

They argued.
They argued endlessly!
The car is big.
What a big car.

4. *Se* (Indicator)

Sometimes the reduplicated member which has been shifted forward may be preceded, not by the intensifier *ala*, but by the verb *se* as a predicate indicator.

Example:

Y-ap plede.
Se plede y-ap plede.

They are arguing.
They are really arguing.

5. Reduplication and Tense Markers

If the predicate to be reduplicated is accompanied by a tense marker, this particle never appears in front of the emphasized element preceded by either *byen*, *ala* or *se*. Example:

Yo te manje byen manje!
Ala bon li ta bon!
Se plede yo t-ap plede.

They ate a lot.
It would be good.
They were arguing.

B. The adverb *mèt* 'even if'

As with an auxiliary, *mèt* (adv.) comes between the subject and the verb or, in any case, right in front of the verb in long constructions.

Yo mèt vle-l m pa ka
ba yo-l.
Papa ti gason an ta mèt
di sa, m pa kwè se vrè.

Even if they want it, I can't
give it to them.
Even if the boy's father had said so,
I don't believe it's true.

Contrast with the modal auxiliary *mèt* meaning 'may', 'can', 'to be allowed' (see Grammar Notes, Lesson 19, F):

Ou mèt vini.
Ou mèt vini m-ap sòti.

You may come.
Even if you come I'm going
out.

C. The Negatives *anyen*, *pèsonn*

1. The negative in Creole is *pa* 'not' (Grammar Notes, L. 4, A). The negative pronouns *anyen* 'nothing', 'not anything', and *pèsonn* 'no one', 'nobody' are doubled by *pa*. Contrast this with the ungrammatical double negative construction in English.

M pa wè anyen. I see nothing./I don't see anything.
(lit., I don't see nothing.)

M pa wè pèsonn. I see no one./I don't see anybody.
(lit., I do not see nobody.)

2. When *anyen* and *pèsonn* are pronoun subjects, they precede *pa*.

Anyen p-ap rive nou. Nothing will happen to you/us.
(lit., Nothing will not happen to you.)

Pèsonn pa vini. Nobody came. (lit., Nobody didn't come.)

3. However, *anyen* and *pèsonn* can be used alone without *pa*, but only to answer questions.

Ki sa ou ta manje? What would you eat?

Anyen. Nothing.

Ki moun ou te wè? Whom did you see?

Pèsonn. No one.

VI. VOCABULARY

abò, adv.	on board, aboard
afè, zafè, n.	thing, matter
akajou, kajou, n.	mahogany
ala, adv.; excl.	how, what a (emphatic)
ane, lane (sing), n.	year
anpeche, v.; adj.	to prevent, prevented
aprè demen, aprè demen, n.	the day after tomorrow
bijou, n.	jewelry
boutèy, n.	bottle
chaje, v.; adj.	to load; loaded
chòp, n.	tourist shop
fèt, n.	holiday, feast, party, anniversary, birthday
goute, v.	to taste
grav, adj.	grave
interese, v.; adj.	to interest; interested
jounen, lajounen (sing), n.	day, daytime
kajou, akajou, n.	mahogany
kalm, adj.	calm
kalme, v.	to calm
koupe, v.; adj.	to cut; cut
lajounen/lajoune(sing.), jounen/joune, n.	day, daytime
lamatine (sing.), matine, n.	morning
lane (sing.), ane, n.	year
lannwit, n.; adv.	night; at night, by night
lasware (sing.), sware, n.	evening
latè, tè, n.	land, earth, ground, soil
lezòt, zòt, adj.; n.	others
likeù, likè, n.	liqueur
maren, n.	sailor
maten, lamatine (sing.), n.	morning
mèt, adv.	even if
minut, n.	minute
mitan, n.	middle, center
mwa, n.	month

nan mitan, prep.; adv.

navigateù, navigatè, n.

nen, n.

nwit, n.

pakèt, adj.

pandan, prep.

pase, adj.

pèsòn, pèsonn, Ind. pr.

plan, n.

pote, v.

provizyon, n.

rad, n.

rès, n.

ronm, n.

sapat, n.

sinpleman, adv.

sware, lasware (sing.), n.

tablo, n.

taksi, n.

taleù, ti taleù, tou taleù

tè, latè, n.

ti taleù

tou taleù

touche, v.

tounen, n.

trankil, adj.

tren, n.

vakans, n.

zafè, afè, n.

zòt, lezòt, adj.; n.

between, right in the
middle, in the center

navigator

nose

night

big, big quantity, lot of
during, while

past, last

no one, nobody, not anyone

plan

to wear

provisions, supplies, food

roadstead, anchorage, port

remainder, rest

rum

sandals

simply

evening

painting

taxi

in a short while

land, earth, ground, soil

in a short while

in a short while

to touch

turn, tour, round

quiet, tranquil

train, railroad

vacation

thing, matter

others

Idiomatic Expression

kon sa menm

really, just like that

LESSON 23
AT THE RIFLE RANGE
PERCEPTION DRILL

A. Koute epi repete fraz sa-a:

Sa-a se figi mwen. Kouliè-a montre-m figi nou.

Repete: Men figi mwen.

Pa repete: Sa-a se zepòl mwen. (instructor points to shoulder)
Montre-m zepòl nou. (The students point to their shoulders.)

Repete premye fraz la.

Repete aprè mwen: Nou gen yon figi men nou gen de zepòl.

Nou gen zepòl dwat; nou gen zepòl gòch.

Men janm mwen. M gen janm gòch, m gen janm dwat. M gen de pye.
Tout pati sa yo se kò mwen.

B. Answer the following questions:

QUESTIONS

Konbyen bra ou genyen?
Konbyen figi ou genyen?
Konbyen nen ou genyen?
Konbyen men ou genyen?
Konbyen zepòl ou genyen?
Konbyen kò ou genyen?
Konbyen zòrèy ou genyen?
Konben janm genyen?
Konbyen tèt ou genyen?
Konbyen pye ou genyen?
Konben zòrèy ou genyen?
Konbyen men ou genyen?

ANSWERS

M gen de bra, bra dwat ak bra gòch.
M gen yon seùl figi.

C. Koute epi repete:

Sa-a se yon moso bwa. Pòt la an bwa. Tab la pa an bwa.

Substitute the following cues for *baton an* in the sentence *Baton sa-a an bwa*:

CUE	SENTENCE
baton an	Baton sa-a an bwa.
mato yo	Mato sa yo an bwa.
bwat yo	
tab la	
kay la	
zouti yo	
waf la	
kabann yo	
kamyonèt yo	
rabo yo	
magazen an	
legliz la	

D. Koute pa repete: (refer to diagram of rifle)

Nou konnen deja sa yon fizi ye. Jodi-a nou pral aprann non tout pyès yon fizi genyen.

Kouliè-a repete aprè mwen.

Fizi sèvi ak bal pou tire.

Pyès fizi-a, kote bal la pase-a, rele kanon.

Leù n-ap tire, n-apiye dèyè kròs la sou zepòl nou.

Se pou nou kole figi nou sou kras la tou.

Ti bagay ki sou tèt devan kanon an rele gidon.

Ti bagay ki sou tèt dèyè kanon an rele òs.

Sou chan d-ti, nou tire sou yon sib.

Pou nou tire nan mitan sib la, se pou nou vize byen.

Pou nou vize byen, se pou òs ak gidon an sou menm aliyman.

Nou mete bal yo nan chajeù-a.

Nou mete chajeù-a nan magazen fizi-a.

Magazen fizi-a se kote ki resevwa chajeù-a.

Pou pase yon bal nan kanon fizi-a, nou baskule kulas la.

Nou di nou pase bal la o kanon.

E. Koute pa repete:

Alèkile nou konnen non pyès fizi yo.
 Pou pi su, aprann yo ankò aswè-a.
 Alèkile koute epi repete.

Nou kòmanse konn kreyòl la. Chak jou nou gen mwens bagay pou n-aprann. Nou travay mwens tou.
 Nou travay mwens pase mwen.

F. Replace *plis* with *mwens* in the following sentences:

SENTENCES

M fè plis afè pase tonton ou.
 N-achte plis akajou alèkile.
 Aswè-a ap gen plis boutèy ronm.
 Apre demen y-ap chaje kamyon an plis.
 Alèkile gen plis likeù nan chòp yo.
 Fanm pote plis bijou alèkile.
 Gen plis maren pase sòlda.
 Pèsonn pa gen plis provizyon.
 Gran moun gen plis vakans pase ti-moun.
 Semènn sa-a gen plis van.
 M gen plis lespri pase ou.
 Nou gen plis traka ak kreyòl la mwa sa-a.

RESPONSES

M fè mwens afè pase tonton ou.
 N-achte mwens akajou alèkile.

G. Koute epi repete:

Nou isit pou n-aprann kreyòl. Se sa nou la pou fè.
 Se sa lietan an la pou fè tou.
 Se sa nou tout la pou fè.

H. Substitute the cues for *nou* in the sentence *Se sa nou la pou fè*:

CUES

bòn nan
 maren an

SENTENCES

Se sa bòn nan la pou fè.

ou
gran moun yo
mwèn
navigateù-a
pitit fi-a
nou tout
abitan an
chèf seksyon an
li

I. Substitute the cues for *afè* in the sentence *Se yon afè ki su:*

CUES

SENTENCES

maren
plan
bagay
tren
istwa
gason
metye
kafou
paròl
kanmarad
ruèl

Se yon maren ki su.

J. Koute epi repete:

Nou dòmi touswit leù nou monte kabann nou.
Men gen de leù, nou vire, nou tounen, nou pa kapab dòmi.

Nou pa ka dòmi dutou.
Nou pa sa dòmi menm.
Pou ki sa ou kapab pa ka dòmi?
Pou ki sa ou kab pa ka dòmi?
Pou ki sa ou ka pa ka dòmi?
Pou ki sa ou ka pa sa dòmi?
M ka pa ka dòmi, paske m pa gen bon kabann.

K. Add the pattern *ka pa ka* to the following sentences:

SENTENCES

Li pa konnen sa y-ap fè.
 Madanm nan pa vwayaje.
 Touris yo pa rive Fusi.
 Lezòt bato yo pa rantre nan rad la.
 Navigateù-a pa pran vakans.
 Pèsonn pa di anyen.
 Nèg la pa achte sapat la.
 Maren an pa pase semèn nan ak madanm ni.
 Aswè-a ou p-ap bwè likeù.
 Chèf seksyon an pa wè nèg la.
 Chofeù-a pa mennen blan an Boutilye.
 Ti fi-a pa goumen ak ti gason an.

RESPONSES

Li ka pa ka konnen sa y-ap fè.
 Madanm nan ka pa ka vwayaje.

II. DIALOGUE

At the Rifle Range

A squadron of soldiers is practicing shooting. Sergeant Paul is giving them instructions.

Sergeant: Pvt. Cedyeu! Four steps forward! March! Take apart the rifle and give me the name of each of the parts.

Cedyeu: This is the barrel. The bullet passes through it. The part made of wood is the stock.

Sergeant: Tell me what the stock is used for.

Cedyeu: It's for you to lean the front part of your shoulder on, then you lay the side of your face on it, so you can aim well.

Sergeant: And this little thing on top of the front end of the barrel, what is it?

Cedyeu: It's called the front sight.

Sergeant: What about that one on top of the rear end of the barrel?

Cedyeu: That's the rear sight. It's for you to adjust on the front sight so you aim accurately at the target.

Sergeant: Good. And you, Pvt. Arsène, what is that called?

Arsène: It's called the magazine. It contains the bullets.







Sergeant: What is that?

Arsène: That's the magazine well. It's where you put in the magazine.

Sergeant: What is that?

Arsène: That's the bolt. They cock it to pass a bullet into the chamber.

Sergeant: Good. Tomorrow we are going to start firing. Fall in! Dress right, dress! Attention! Forward! March!



Sou chan d-ti

Yon ploton sòlda ap fè egzèsis de ti. Se Sèjan Pol k-ap ba yo instruksyon.

Sèjan: Sòlda Sedyeu, kat pa an avan! Mach! Demonte fizi-a e ban mwen non chak pyès yo.

Sedyeu: Sa-a se kanon an. Se ladan ni bal la pase. Pyès ki an bwa-a, se kròs la.

Sèjan: Di-m ki sa kròs la sèvi.

Sedyeu: Se li pou ou apiye devan zepòl ou, epi ou kole bo figi ou sou li, pou ou kab vize byen.

Sèjan: E ti bagay sa-a ki sou tèt devan kanon an, sa li ye?

Sedyeu: Se li yo rele gidon.

Sèjan: E sa-a, sou tèt dèyè kanon an?

Sedyeu: Se òs la. Se li pou ou ajiste sou gidon an pou ou vize sib la jis.

Sèjan: Bon. Ou-menm sòlda Asèn, kòman yo rele sa-a?

Asèn: Yo rele li chajeù. Se li ki gen bal yo.

Sèjan: Sa sa-a ye?

Asèn: Se magazen an. Se ladan ni pou ou fourè chajeù-a.

Sèjan: Ki sa sa-a ye?

Asèn: Sa-a se kulas la. Se li yo baskile pou pase yon bal o kanon.

Sèjan: Bon. Demen nou pral kòmanse tire. Retounen lan ran! A dwat, aliyman! Gad-a-vou! An avan! Mach!

Dialogue Buildup

fè egzèsis fè egzèsis de ti yon ploton Yon ploton sòlda ap fè egzèsis de ti.	to drill, to practice to practice shooting a squadron A squadron of soldiers is practicing shooting.
ba instruksyon ba yo instruksyon k-ap ba yo instruksyon	to give instructions to give them instructions who is giving them instructions
se sèjan Pòl Se sèjan Pòl k-ap ba yo instruksyon.	it's sergeant Paul Sergeant Paul is giving them instructions.
an avan kat pa an avan Sòlda Sedie, kat pa an avan!	forward four steps forward Pvt Cedyeu! Four steps forward!
Mach!	March!
chak pyès yo ban mwen non chak pyès yo demonte fizi-a Demonte fizi-a e ban mwen non chak pyès yo.	each part give me the name of each part take the rifle apart Take the rifle apart and give me the name of each of the parts.
kanon an Sa-a se kanon an.	the barrel This is the barrel.
bal la pase se ladan ni Se ladan ni bal la pase.	the bullet passes it's in it The bullet passes through it.
se kròs la ki an bwa-a Pyès ki an bwa-a, se kròs la.	it's the stock that is in wood The part made of wood is the stock.

kròs la sèvi
ki sa kròs la sevi
Di-m ki sa kròs la sevi.

the stock is used for
what the stock is used for
Tell me what the stock is
used for.

vize byen
pou ou kab vize byen
sou li
ou kole bò figi ou sou li

to aim well
in order for you to aim well
on it
you lay the side of your

devan zepòl ou

face on it
on the front part of your
shoulder

pou ou apiye
se li
Se li pou ou apiye devan
zepòl ou, epi ou kole bò
figi ou sou li, pou ou kab
vize byen.

to lean
it's
It's for you to lean the
front part of your
shoulder on, then you lay
the side of your face
on it, so you can aim well.

sa li ye
devan kanon an
sou tèt devan kanon an

what is it
the front end of the barrel
on top of the front end
of the barrel

ti bagay sa-a
E ti bagay sa-a ki sou tet
devan kanon an, sa li ye?

this little thing
And this little thing on
top of the front end
of the barrel, what is it?

Se li yo rele gidon.

It's called the front sight.

deye kanon an
sou tet deye kanon an

the rear end of the barrel
on top of the rear end of
the barrel

e sa-a
E sa-a, sou tet deye kanon
an?

and that one
What about that one on
the top of the rear
end of the barrel?

Se òs la.

That's the rear sight.

sib la
vize sib la jis

gidon an
pou ou ajiste sou gidon an
se li
Se li pou ou ajiste sou gidon
an pou ou vize sib la jis.

Bon.

kòman yo rele sa-a
ou-menm
Ou-menm sòlda Asen, kòman
yo rele sa-a?

Yo rele li chajeù.
Se li ki gen bal yo.

Sa sa-a ye?

Se magazen an.

chajeù-a
pou ou fourè chajeù-a
se ladan ni
Se ladan ni pou ou fourè
chajeu-a.

Ki sa sa-a ye?

Sa-a se kulas la.

pou pase yon bal o kanon
yo baskile
Se li yo baskile pou pase
yon bal o kanon.

Bon.

the target
to aim accurately at the
target
the front sight
to adjust on the front sight
it's
It's for you to adjust on the
front sight so you aim
accurately at the target.

Good.

how is that called
you
And you, Pvt. Arsène, what
is that called?

It's called the magazene.
It contains the bullets.

What is that?

That's the magazene well.

the magazene
to put the magazene
it's in it
It's where you put in the
magazene.

What is that?

That's the bolt.

to load
they cock
They cock it to pass a
bullet into the chamber.

Good.

kòmanse tire
nou pral kòmanse tire
Demen nou pral kòmanse
tire.

to start shooting
we are going to start shooting
Tomorrow we are going
to start shooting.

Retounen lan ran!
A dwat, aliyman!
Gad-a-vou!
An avan!
Mach!

Fall in!
Dress right, dress!
Attention!
Forward!
March!

Homework

Study the dialogue well enough so that you can work with it freely in class tomorrow.
You need not memorize it word for word.

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 23-B

A. Add the following cues to the pattern *Sòlda Yo... fizi yo...*:

CUES

apiye sou tab la
 ap chèche
 te kouvri
 va ajiste demen
 se pou demonte
 bat nèg yo ak
 baskule pou pase yon
 bal o kanon
 mete chajeu yo nan
 magazen
 demonte pyès
 kole figi yo sou kròs
 baskule kulas
 apuye kròs devan zepol yo

SENTENCES

Sòlda yo apiye fizi yo sou tab la.
 Sòlda yo ap cheche fizi yo.

B. Reponn kestyon yo:

QUESTIONS

Kouman pyès fizi kote
 bal la pase-a rele?
 Kouman pyès ki an bwa
 dèyè fizi-a rele?
 Devan ki sa pou ou apiye kròs la?
 Pou ki sa ou kole figi ou sou kròs la?
 Kòman yo rele ti pyès sou tèt devan kanon an?
 Kòman yo rele ti pyès ki sou tèt dèyè kanon an?
 Sou ki sa pou ou ajiste òs la pou ou ka vize?
 Sou ki sa sòlda yo vize sou chan d-tir?
 Kouman yo rele bagay ki gen bal yo?
 Ki kote yo mete chajeu-a pou tire?
 Ki sa yo rele magazen?
 Ki sa pou ou baskule pou pase yon bal o kanon?

ANSWERS

Pyès fizi kote bal la
 pase-a rele kanon.
 Pyès ki an bwa dèyè
 fizi-a rele kròs.

C. Give the military commands according to cues:

CUES	COMMANDS
Tell the platoon to shoulder arms.	Pote, am!
Tell the platoon to present arms.	Prezante, am!
Tell the platoon to right shoulder arms.	Am a lepol dwat, dwat!
Tell the platoon to left shoulder arms.	Am a lepol gòch, gòch!
Tell the platoon to be at attention.	Gad a vou, fiks!
Tell the platoon to forward four steps.	Kat pa an avan, mach!
Tell soldier Cedyeu to fall out.	Sòlda Sedie sòte dè ran!
Tell the platoon to dress right.	A dwat aliyman, mach'
Tell the platoon to order arms.	Depoze, (z)am!

D. Kounyè-a di-m kouman chak pati nan kò nou rele. Reponn kestyon-m yo.

QUESTIONS	ANSWERS
1. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your arms)	Sa-a se <u>bra</u> mwen.
2. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your ears)	Sa-a se <u>zorèy</u> mwen.
3. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your hands)	
4. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your nose)	
5. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your shoulders)	
6. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your face)	
7. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your eyes)	
8. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your head)	
9. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your back)	
10. Ki pati nan kò ou sa-a ye? (your tongue)	

E. Aleùkile, konte pa dis (10). Kòmanse avèk un (1) jis nou rive deu san un (201). M-a repete apre nou. Kòmanse.

Un (1), ... onz(11), ... vinteyun(21),
 ... (31), ... (41), ... (51), ... (61), ... (71), ... (81), ... (91),
 ... (101), ... (111), ... (121), ... (131), ... (141), ... (151),
 ... (161), ... (171), ... (181), ... (191), ... (201)

F. Transform the following sentences by using *mwens*:

SENTENCES

Pa gen anpil aksidan aleùkile.
 Pa gen anpil bwa sou mòn yo.
 Mwa sa-a pa gen anpil djòb.
 Pa gen anpil bal pou gad yo.
 Pa gen anpil fizi nan kazèn nan.
 Semèn sa-a pa gen anpil maren ki debake.
 Pa gen anpil sòlda nan ploton sa-a.
 Jodi-a pa gen anpil etidyan ki vini.
 Aleùkile pa gen anpil vokasyon.
 Pa gen anpil moun nan provens yo.
 Pa gen anpil gason ki fè karyè militè.
 Yo pa bay sòlda yo anpil instruksyon.

TRANSFORMATIONS

Gen mwens aksidan aleùkile.
 Gen mwens bwa sou mòn yo.

G. Make a complete sentence with each of the following words and say it out loud. Then write the sentences down and give them to the teacher for correction. (about 10 to 12 men.)

aliyman	gad kòt	sib	baskule	demonte
gòch	kapital	pyès	bwa	maren

H. Translate the following sentences, making use of *ka*:

- He may be unable to come.
- The manager may not be able to wake up Mr. MacDonald.
- You may be unable to do it yourself.
- The driver may not be able to go to Boutilliers.
- The sick girl may be unable to sleep.
- The tourist may not be able to buy the car.
- The lady may be unable to purchase the vegetables.
- The children may not be able to go to church.
- We may be unable to take our vacation this week.
- My brother may be unable to come back today.

IV. LEKTU

Karyè militè

Nan tout peyi gen moun ki antre nan lame paske yo renmen sa, ou byen yo santi yo gen bon dispozisyon pou sa. Se sa yo rele vokasyon. Gen anpil lòt moun menm ki anrole nan yon branch ou byen nan yon lòt paske yo pa ka jwenn yon lòt djòb pou yo fè. An Ayiti, kòm tou patou, se menm bagay; ou jwenn militè ki gen vokasyon an, tankou ou ka jwenn tou ki antre ladan-n poutèt ke se yon kòb ki su, e poutèt otorite yo genyen sou sivil.

Genyen twa branch nan lame d-Ayiti: se Infantri, Avyasyon ak Mari-n. Se Infantri ki gen plis moun, kòm nan tout lòt peyi, paske li kouvri tout peyi-a. Avyasyon ak Mari-n menm, yo gen mwens moun, paske se Pòtoprens, nan kapital la seulman yo ye. Anpil nèg p-ap antre nan avyasyon, paske yo pè monte anlè pou yo pa tonbe; dèt menm p-ap anrole nan mari-n paske yo pè dlo.

Mari-n nan, an Ayiti, se pa sa yo rele "Meri-n" O Zetazini, men se sa ameriken rele "Nevi". An Ayiti, yo rele li Gad Kòt paske se sèl travay li la pou fè, sa vle di ke se li ki la pou suveye kòt peyi-a. Avyasyon an Ayiti fè sèvis komèsyal tou. Li gen yon sèvis vwayaj avèk vil provens ki lwen kapital la, sa vle di plis ke san kilomèt. O Zetazini sa ta fè swasant "mayl." Se yon bon bagay, pase gen de kote rout yo pa bon menm, e si lapli tonbe, ou kab pa ka konnen ki leù ou a rive. Menm avyasyon militè-a fè sèvis lapòs tou. Avyasyon an se yon sèvis ki mache byen an Ayiti. L-ap mache depi trant an, avèk avyon ki gen menm laj la. Se yon seul fwa te gen yon aksidan depi leù sa-a. Pa gen yon seul lòt peyi, ki bat rekò sa-a.

Kestyon

1. Nan ki peyi gen moun ki antre nan lame?
2. Pa gen pèson ki gen bon dispozisyon pou sa?
3. Eske gen moun ki gen vokasyon?
4. Eske yo renmen ni leù yo gen vokasyon an?
5. Eske gen moun ki anrolè san vokasyon?
6. Sa ki fè gen moun ki anrole san vokasyon?
7. An Ayiti se pa menm bagay?
8. Sivil gen otorite sou militè an Ayiti?
9. Konbyen branch ki genyen nan lame d-Ayiti?
- 10... Eske se menm avèk tout lòt peyi?

11. Eske infantri an Ayiti se sa yo rele "Armi" O Zetazini?
12. Mari-n an Ayiti se sa yo rele "Meri-n" O Zetazini?
13. Se avyasyon ki gen plis moun?
14. Ki branch ki gen plis moun?
15. Pou ki sa infantri gen plis moun?
16. Eske tout moun renmen avyasyon?
17. Pou ki sa se pa tout moun ki renmen avyasyon?
18. Kòman yo rele branch mari-n nan an Ayiti?
19. Ki travay li la pou-l fè?
20. Eske tout moun renmen ni?

21. Ki jan moun ki pa renmen monte sou lanmè?
22. Eske avyasyon gen plis moun pase infantri an Ayiti?
23. Eske li siveye peyi-a tou?
24. Ki lòt sèvis li fè.
25. Eske li pran moun pou vil provens?
26. Eske tout rout an Ayiti se bon rout?
27. Ou ka vwayaje pi fasil leù lapli tonbe?
28. Vil provens ki a trant kilomèt, èske yo lwen kapital la?
29. Aviasior militè pa fè sèvis lapòs?
30. Eske gen avyasyon sivil an Ayiti pou fè sèvis komèsyal?

31. Avyasyon pa mache byen an Ayiti?
32. Depi ki leù gen avyasyon an Ayiti?
33. Eske avyon yo la lontan?
34. Eske yo fè anpil aksidan?
35. Eske moun ka sove fasil leù yon avyon tonbe?
36. Eske moun ka sove leù bato fè aksidan sou lanmè?
37. Eske konn gen moun ki mouri nan aksidan avyon an Ayiti?
38. E nan lòt peyi?
39. Ki moun ki konn monte sou bato deja?
40. E nan avyon?

V. GRAMMAR NOTES

A. Comparative Degree: *mwen/mwens* and *pi/plis*

1. Refer to Grammar Notes on *pi/plis*, L. 19, C.
2. *Mwen* 'less' and *pi* 'more' are used to express the comparative degree of adjectives of quality. Examples:

Oto sa-a mwen bèl.

This car is less beautiful.

Ti gason an pi fò pase ti fi-a.

The boy is stronger than the girl.

3. *Mwens* 'less' and *plis* 'more' are used to express the comparative degree of quantity. Examples:

Mwen gen mwens lajan pase ou.

I have less money than you.

Nou gen plis liv pase yo.

We have more books than they.

Note: Pase may be replaced by ke in most cases of the comparative.

Examples:

Anita pi bèl ke Sese.

Anita is more beautiful than Sese.

or Anita pi bèl pase Sese.

4. Most Creole speakers prefer *pi/plis* plus adjective to *mwen/mwens* plus the appropriate antonym.

They will say, for example: Pye bwa-a pi ro ke kay la.

rather than Kay la mwen ro ke pye bwa-a.

They will say Anita pi bèl ke Sese . or Sese pi lèd pase Anita.

rather than: Sese mwen bèl ke Anita

B. *Ka, kab, kapab*

Ka, kab, or kapab 'may', 'can', 'be able to' may be used interchangeably. Study the following examples:

Mwen kab pa ka vini.	I may be unable to come.
Mwen ka pa kab vini.	"
Mwen ka pa kapab vini.	"

Avyon an kab pa ka ateri.	The plane may be unable to land.
	or: The plane may not be able to land.

C. The Negative *janm/jannen* 'never'

Like *anyen* and *pèsonn* (Grammar Notes, L. 22, G), *janm* is always doubled by *pa* in Creole, except in a one-word reply. In this case, *janm* becomes *jannen*.

Ou <u>pa janm</u> manje chwal?	You <u>never</u> ate horse?
- <u>Jannen!</u>	- <u>Never</u>

Note, however, that *pa* and *janm* (unlike *anyen* and *pèsonn*) may not be separated by the verb or by any other construction. They stay together in this order as if they were a one-word adverb.

Compare:

M <u>pa wè anyen</u> .	I <u>don't</u> see <u>anything</u> .
M <u>pa wè pèsonn</u> .	I <u>don't</u> see <u>anybody</u> .
M <u>pa janm</u> wè sa.	I <u>never</u> saw that.

D. *Fè + noun + tou*

The verb *fè* has been introduced previously as "to make, to do". Often when the pattern *fè + noun + tou* occurs, *fè* is translated as "to include".

Avyasyon an Ayiti fè sèvis komèsyal tou.
Aviation in Haiti includes commercial service.

VI. VOCABULARY

ajiste, v.	to adjust, fit
aksidan, n.	accident
alèkile, aleùkile, adv.	now, nowadays
aliyman, alignman, n.	alignment, line
anlè, adv.; prep.	in the air
apiye, apuye, v.	to lean, rest
avyasyon, n.	Air Force, aviation
bal, n.	bullet
baskule, baskile, v.	to cock
bat, v.	to beat
bwa, n.	wood, woods
branch, n.	branch
chajeù, n.	magazene
dispozisyon, n.	disposition
dòt, pr.	others
è, èr, lè, zè, n.	air
èr, è, lè, zè, n.	air
figi, figi, n.	face, visage
fò, adj.	good
Gad Kòt, Pr. n.	Coast Guard
gidon (fizi), n.	front sight (of gun)
gòch, adj.	left
infantri, n.	Infantry
instruksyon, instriksiyon, linstruksyon, n.	instruction, education
janm, n.	leg
ka, kab, kap, kapab, aux.	may (probability)
kanon (fizi), n.	barrel (rifle)
kap, kapab, ka, kab, aux.	may

kapital, n.	capital
karyè, n.	career
kilas, kulas, n.	bolt
kò, n.	body
komèsyal, adj.	commercial
kòt, n.	coast
kouvri, v.	to cover
kròs, n.	stock
kulas, kilas, n.	bolt
lapli, lepli, n.	rain, rainy season
lè, zè, è, èr, n.	air
lèd, adj.	ugly
linstriksyon, n.	instruction, education
linstruksyon, n.	instruction, education
magazen, n.	magazene well
mari-n, n.	navy
militè, n.; adj.	military
mwèn, mwens, adv.; prep.	less; minus
òs (fizi), n.	rear sight
otorite, n.	authority
pati, n.	part
pè, peù, adj.; n.	scared, afraid; fear
pye, n.	foot, feet
pyès, n.	part
ploton, n.	platoon, squad
provens, n.	countryside
ran, n.	line, rank
rekò, n.	record
santi, v.	to feel, to smell
sib, n.	target
sivil, n.; adj.	civilian, civil
tèt, prep.	above, over, on, on top of
vokasyon, n.	vocation

zè, è, èr, lè, n.
zepòl, n.

air
shoulder

Military Commands

An avan!
Gad-a-vou!
Mach!
Pase yon bal o kanon.
Retounen lan/nan ran.
Sòte dè ran.

Forward!
Attention!
Màrch!
Load!
Fall in!
Fall out!

LESSON 24

FIRST COMMUNION

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute pa repete:

Nou kwè kreyòl la difisil. Li gen lè difisil, men li pa difisil.

Gen lè n-ap dòmi? Non? M te kwè nou t-ap dòmi.

Ou konprann sa m-ap di-a? M pa kwè ou konprann.

Gen lè ou pa konprann.

E ou-menm? Gen lè ou renmen kreyòl la?

Ou gen lè renmen kreyòl la?

B. Add *gen lè* 'seem' to the following sentences:

SENTENCES

Jak fè yon askidan.

Nou pral legliz aswè-a.

Sedie tire nan mitan sib la.

Pa gen anpil moun nan provens aleükile.

Bal la pa pase nan kanon fizi-a.

Bwa-a pa ka lumen.

Nèg la pa gen dispozisyon pou travay la.

Gad kòt la suveye lanmè-a byen.

Ou ap mache mal nou pa konn ajiste fizi nou.

Chajeu-a pa nan magazen an.

Kwa dè Boukè gen mwens moun pase Kafou.

RESPONSES

Gen lè Jak fè yon askidan.

Nou gen lè pral legliz aswè-a.

C. Koute epi repete:

Jodi-a m pa gen anyen pou-m fè.

M pral fè yon ti mache.

M ka di m pral fè yon ti pronmnen.

M ka pronmnen nan oto tou.

M ka menm pronmnen nan bato si m jwenn youn.

Nou wè m ka pronmnen tout jan.

D. Preface the sentence . . . *pral fè yon ti pronmnen bò waf la* with the following cues:

CUES

mwen
ti-moun yo
ploton an
nou
pasaje-a
lezòt gad yo
ou
maren yo
zanmi-m nan
fanm ni an
kanmarad la yo
pitit fi ou la

RESPONSES

M pral fè yon ti pronmnen bò waf la.
Ti-moun yo pral fè yon ti pronmnen bò waf la.

E. Koute pa repete:

Sa-a se yon almanak. (show a calendar)
Se ladan pou nou wè ki mwa nou ye, ki semèn ou ki jou nou ye.
Kòman yo rele sa-a? (show the calendar)
Jodi-a nou pral aprann non jou ki genyen nan yon semèn.
O Zetazini premye jou-a se dimanch.
Men an Ayiti ak anpil lòt peyi, premye jou-a rele lundi.

F. Repete apre mwen:

Jodi-a se...(today's day)
Lundi denye nou te vi-n lekòl. N-a vi-n lekòl lundì prochen tou. Nou vi-n lekòl tou
le jou: le lundì, le madi, le mèkredi, le jedi, e le vandredi.
Nou pa vi-n lekòl le samdi ak le dimanch.
Samdi denye nou te vwayaje.
Semèn denye nou te rete isit la.
Vandredi prochen n-a vi-n lekòl.
N-a vi-n lekòl tout semèn prochèn.
Mwa denye nou te O Kanada. Mwa prochen n-ava an Ayiti.
Medam yo al nan mache tou le samdi.
Nou leve boneu tou le maten.

G. Koute pa repete:

Liv sa-a se liv mwen. Se liv pa mwen.
 Se liv pa-m.
 Se pa liv pa ou. Se pa pa ou.

H. Insert the possessive *pa* in the following sentences:

SENTENCES

Kote bal mwen yo?
 Bagay sa-a pa pou ou.
 Sa yo se zafê ti-moun yo.
 Tout bijou sa yo se pou manman-m.
 Tout lezòt yo se pou ou.
 Provizyon sa yo se pou seu-m nan.
 Pa bay sapat mwen yo.
 Se matant mwen ki pòte ronm Andre yo.
 Bato ou wè nan rad la se pou papa-m.
 Kote moso vyann mwen an?
 Se lajan-m ki nan men fanm nan.
 Kote ou mete sigarèt ou yo.

RESPONSES

Kote bal pa-m yo?
 Bagay sa-a pa pa ou.

I. Koute epi repete:

Ban-m yon liv. - Ki liv ou vle?
 -Nenpòt. - Nenpòt liv. - Nenpòt ki liv.
 Rele sòlda-a pou mwen.
 Ki sòlda ou vle m rele pou ou?
 -Ou mèt rele nenpòt (ki) sòlda pou mwen.
 Nenpòt (ki) moun kab aprann kreyòl; se yon lang ki fasil.

J. Answer the following questions, using *nenpòt* or *nenpòt ki*:

QUESTIONS

Ki almanak ki montre nou
 non mwa yo?
 Nan ki sal pou-m mete mayi-a?

ANSWERS

Nenpòt (ki) almanak montre nou non
 mwa yo.
 Mete-l nan nenpòt (ki) sal.

Ki jou sòlda yo konn al chan d-ti?
Ki maren ki ka monte abò?
Ki ronm ou renmen?
Ki mwa ki bon pou vizite Ayiti?
Ki abitan an Ayiti ki konn pale kreyòl?
Moun ki nasyonalite ki ka ale an Ayiti?
Ki moun ki ka fè jis pri ak machann nan?
Ki zanmi ki ta mouri pou ou?
Ki moso nan vyann sa-a ki bon?
Ki sèjan ki gen plis otorite pase kaporal?

K. Koute epi repete:

M pa bwè ronm. M pa janm bwè ronm.
Pèsonn lakay pa bwè ronm.
Pèsonn lakay pa janm bwè ronm.
Nou pa janm wè pèsonn sou galri-a.

L. Answer the following questions using the pattern *pèsonn pa janm* or *pa janm...pèsonn*:

QUESTIONS

Ki moun ki al sou chan
d-ti aswè?
Ki moun ki konn monte
abò bato sa-a?
Ki moun ki te anpeche nou aprann kreyòl?
Ki moun ki te mennen nou wè Boutilye?
Ki moun ki di nou al rete Fusi?
Ki moun profeseù-a suveye?
Ki moun ki te manke tonbe nan lanmè-a?
Ki moun ki pran vakans mwa sa-a?
Ki moun ou met nan traka?
Ki moun ki chita dèyè ou?
Ki moun yo met nan prizon semèn sa-a?
Ki moun ki bay ti-moun yo bwè likeù?

ANSWERS

Pèsonn pa janm ale sou
chan d-ti aswè.
Pèsonn pa janm monte abò
bato sa-a.

M. Koute epi repete:

Pitit sa-a se pitit mwen.
 Men m gen de zòt pitit.
De lezòt pitit mwen yo lakay.
 Kote lòt pitit ou yo ye?
 Kote lezòt pitit ou yo ye? - Yo lakay.
 Konben lòt pitit ou genyen?
 M gen de lòt pitit
 M gen de zòt pitit.
De zòt yo, de lezòt yo lakay.

N. Add the given cues to the sentence *De lezòt....*:**CUES**

Fizi ou yo nan kazèn nan.
 Chajeù yo sou tab la.
 Otorite yo al lakay yo.
 Afè yo pa mache.
 N-achte boutèy yo.
 Maren yo te bwè anpil.
 Tren yo fè aksidan.
 Etranje yo monte jis Fusi.
 Pitit fi-m yo gen rezon.
 Moun yo sove poul yo.
 Gason yo bouke.
 Malad yo mouri maten an.

STUDENTS

De lezòt fizi ou yo nan kazèn nan.
De lezòt chajeu yo sou tab la.

O. Koute epi repete:

La semèn gen anpil etudiyen isit la.
 Le samdi pa gen oken etudiyen isit la.
 Pa gen oken moun le dimanch non plus.
 Nou pa konn oken moun nan peyi sa-a.
Oken moun pa rive a leu maten an.

P. Put the following sentences in the negative form by using *pa...oken* or *oken...pa*.

CUES

Gen moun nan kay la.
Nou kontre tout medam yo.
Etudiyan yo dòmi ta jodi-a.
Yo gen lajan pou yo peye.
Anplwaye ladwann nan fè verifikasyon.
Ti-moun yo konn tire fizi.
Machann yo tounen legum yo.
Ti gason an rann mwen sèvis.
Pasaje yo desann avyon an.
Profeseù yo repoze yo.
Nou tounen liv yo.
Kontroleù-a verifye valiz nou yo.

STUDENTS

Pa gen oken moun nan kay la.
Nou pa kontre oken medam yo.

Q. Koute epi repete:

Jounen an bèl jodi-a.
N-al lavil tou le lou.
Demen maten m pral lavil.
M-ap pase tout matine-a lavil.
Aswè-a m-ap rete lakay.
Se premye sware m-ap pase lakay.
Ki laj pitit ou-a? Li gen katran.
Ane prochèn li pral lekòl.
Le swa li dòmi boneù.

Kon sa li p-ap manje tout manje-a.
Kon sa li p-ap kaba tout manje-a.
Ak pitit sa-a ou pa kab gen anyen.
Li kaba tou sa ou genyen.

II. DIALOGUE

First Communion

MacDonald is asking Mrs. Thomas about First Communion.

Macdonald: Good morning, Madam. How do you do?

Mrs. Thomas: Oh! I'm find, thank you, white man. What fair winds bring you here?

MacDonald: I hear there is First Communion in the village. I came for a little walk to see how you do that.

Mrs. Thomas: Well, good! I have a daughter who is receiving her First Communion today. You are going to see her in a while.

MacDonald: It seems that you have First Communion here any day.





Mrs. Thomas: That's right. It's according to the day the saint's celebration falls.

MacDonald: Aha! It's like that! I know that today is the feast of Saint James. Is that to say that it's Saint James the village worships?

Mrs. Thomas: Exactly! You know everything. Good, here is the church bell ringing. The thing is over.

MacDonald: Are the children coming immediately.

Mrs. Thomas: No, they have to go say hello at the homes of all acquaintances and friends, then all the people are coming home with them for a little celebration.



Premye Komunyon

Makdonal ap mande Madan Toma ranseyman sou premye komunyon.

Makdonal: Bonjour madanm. Kouman ou ye?

Madan Toma: O! M trè byen mèsè blan. Ki bon van ki mennen ou bò isit la?

Makdonal: M tande gen premye komunyon nan bouk la. M vi-n fè yon ti pronmnen pou wè kouman nou fè sa.

Madan Toma: En ben, bon! M gen pitit fi-m kap fè premye komunyon ni jodi-a. Ou pral wè li taleù.

Makdonal: Gen lè nou fè premye komunyon isit nenpòt ki jou.

Madan Toma: Se sa menm. Se selon ki jou fèt sen an tonbe.

Makdonal: An han! Se kon sa! M konnen jodi-a se fèt sen Jak. Eske sa vle di ke se Sen Jak bouk la sèvi?

Madan Toma: Pozitiv! Ou konn tout bagay. Bon, men klòch legliz la ap sonnen. Bagay la fini.

Makdonal: Eske ti-moun yo pral vini touswit?

Madan Toma: Non, yo gen pou al di bonjou kay tout konesans ak zanmi, epi tout moun ap vini avèk yo lakay pou yon ti banbòch.

Dialogue Buildup

premye komunyon
 ranseyman sou premye
 komunyon
 Madan Toma
 ap mande Madan Toma
 Makdonal ap mande Madan
 Toma ranseyman sou
 premye komunyon

First Communion
 information on First
 Communion
 Mrs. Thomas
 is asking Mrs. Thomas
 MacDonald is asking
 Mrs. Thomas about First
 Communion.

Bonjou Madanm.
 Kouman ou ye?

Good morning, Madam.
 How do you do?

mèsi, blan
 m trè byen
 O! M trè byen mèsi
 blan.

thank you, white man
 I'm fine
 Oh! I'm fine, thank you,
 white man.

bò isit la
 ki mennen ou
 ki bon van
 Ki bon van ki mennen
 ou bò isit la?

around here
 that bring you
 what fair winds
 What fair winds bring
 you here?

nan bouk la
 gen premye komunyon
 nan bouk la
 m tande
 M tande gen premye
 komunyon nan bouk la.

in the village
 there is First Communion
 in the village
 I hear
 I hear there is First
 Communion in the village.

kouman nou fè sa
 pou wè kouman nou fè sa
 yon ti pronmnen
 m vi-n fè yon ti pronmnen
 M vi-n fè yon ti pronmnen
 pou wè kouman nou fè sa.

how you do that
 to see how you do that
 a little walk
 I came for a little walk
 I came for a little walk
 to see how you do that.

En ben, bon!

Well, good!

jodi-a
premye komunyon ni
k-ap fè premye komunyon
ni
m gen pitit fi-m
M gen pitit fi-m k-ap fè
premye komunyon ni jodi-a.

taleu
Ou pral wè li taleu.

nenpòt ki jou
nou fè premye komunyon isit
gen lè
Gen lè nou fè premye komunyon
isit nenpòt ki jou.

Se sa menm.

fèt sen an tonbe
Se selon ki jou fèt sen
an tonbe.

An han! Se kon sa!

se fèt sen Jak
M konnen jodi-a se fèt
sen Jak.

se sen Jak bouk la sèvi

èske sa vle di
Eske sa vle di ke se
sen Jak bouk la sèvi?

Pozitiv!

tout bagay
Ou konn tout bagay.

today
her First Communion
who is receiving her
First Communion
I have my daughter
I have a daughter who is receiving
her First Communion today.

in a while
You are going to see her in a while.

any day
you have First Communion here
it seems
It seems that you have First
Communion here any day.

That's right.

the saint's celebration falls
It's according to the day
the saint's celebration falls.

Aha! It's like that!

it's the feast of Saint James
I know that today is the
feast of Saint James.

it's Saint James that the
village worships
is that to say
Is that to say that it's Saint
James the village worships?

Exactly!

everything
You know everything.

ap sonnen
men kloch legliz la ap sonnen
Bon, men klòch legliz
la ap sonnen.

bagay la
Bagay la fini.

yo pral vini touswit
Eske ti-moun yo pral
vini touswit?

pou yon ti banbòch
avèk yo lakay
tout moun ap vini avèk yo
tout konesans ak zanmi
pou al di bonjou
yo gen pou al di bonjou
Non, yo gen pou al di
bonjou kay tout konesans
ak zanmi, epi tout moun
ap vini avèk yo lakay
pou yon ti banbòch.

is ringing
here is the church bell ringing
Good, here is the church
bell ringing.

the thing
The thing is over.

they are coming immediately
Are the children coming
immediately?

for a little celebration
with them home
all the people are coming with them
all the acquaintances and friends
to go say hello
they have to go say hello
No, they have to go say hello at
the homes of all acquaintances and
friends, then all the people are
coming home with them for a little
celebration.

HOMEWORK

Prepare ten questions for use in class during the 6th period.

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 24-B

A. Make sentences of the following expressions and cues:

CUE	STUDENT(S)
Nèg la abiye an nwa, samdi.	<u>Le samdi</u> , nèg la abiye an nwa.
Bosu-a mande charite, jedi.	<u>Le jedi</u> , bosu-a mande charite.
Aveùg la pa sòti, lundì.	
Ti gason an sonnen klòch, dimanch.	
Banbòch kòmanse, vandredi swa.	
Yo fè premiè komunyon, jedi.	
Pòv la pote kwi li, mèkredi.	
Li wete bòs la, madi apremidi.	
Pèsonn pa promennen, vandredi.	
Moun pa vi-n nan mache sa-a, madi.	
Pòv la pa met ranyon, dimanch.	
M ranje zafè-m, sanmdi.	

B. Add the cues to nonm sa-a:

CUE	RESPONSE
aveùg	Nonm sa-a <u>aveùg</u> .
abiye an blan	Nonm sa-a <u>abiye an blan</u> .
bosu	
pote lunèt nwa	
kout	
gen bòs	
krochu	
se yon diab	
gen lè malad rebèl peù gad yo pa ret nan vil la	

C. Preface . . . , *pa manyen zafè-m* with the following cues:

CUE

sekretè
Pòl
ti gason
madanm
mesye
gad
ti fi
medam
Sedyeu
kaporal
gran moun
kanmarad

STUDENTS

Sekretè, pa manyen zafè-m.
Pòl, pa manyen zafè-m.

D. Insert the given cues in the sentence *Kite. . . al pronmnen nan oto-a non*:

CUE

mwen
ti-moun yo -
Jak
navigateù-a
chèf seksyon an
pitit fi-m nan
zanmi madanm ou an
ti aveùg yo
kouzen nou yo
nou
fanm yo
bòn ou an

STUDENTS

Kite m-al pronmnen nan oto-a non.
Kite ti-moun yo al pronmnen nan oto-a non.

E. Complete *Lunèt sa yo pa pa.....* with the following cues:

CUE

misyonè-a
ti fi-a

STUDENTS

Lunèt sa yo pa pa misyonè-a.
Lunèt sa yo pa pa ti fi-a.

mwen
 komè-m nan
 madan Chal
 pratik ou-a
 mari Anita-a
 papa ti gason an
 kontroleù sèvis paspò-a
 manman Tijo
 machann nan
 pòv la

F. Reponn kestyon yo:

Eske nou tout te vi-n lekòl vandredi denye? (wi)
 Eske ou te rete isit la jedi swa? (non)
 Etudiyen yo te desann lavil dimanch swa? (non)
 Profeseù-a te vi-n lekòl jedi denye? (wi)
 N-a ale an Ayiti semèn prochèn? (non)
 Ki kote nou te vini semèn denye? (lekòl)
 Etudiyen yo te tounen lekòl madi apremidi? (wi)
 Eske nou te sòti lekòl la a onzeù mèkredi denye? (wi)
 Ki kote nou prale dimanch prochen (Pòtoprens)
 Etudiyen yo kontan lè vandredi rive? (Non, profeseù yo)

G. Insert the following cues in the sentence *Lè . . . di manman m sa, li voye...o diab:*

CUE

mwen
 ti fi-a
 bòn nan
 gason lakou-a
 nou
 mesye yo
 sekretè-a
 pòv la
 ti bway la
 Jak
 frè-m nan
 chofeù-a

STUDENTS

Lè m di manman-m sa, li voye-m o diab.
 Lè ti fi-a di manman-m sa, li voye-l o diab.

H. Translate the following sentences:

1. It looks like no one will be at the First Communion.. It's the hunchback who rings the bells on Sundays.
3. No one has ever shown charity to that boy.
4. Show me the calendar, so that I can see what day it is today.
5. Wednesday evening there will be a big spree at the woman's.
6. That girl, it's only rags that she wears.
7. What saint do they worship in that village?
8. You say anyone can enter the church?
9. Children like to touch everything they see.
10. Those who accept God don't know the devil (devil's business).

I. Replace *tout* with *oken* . . . *pa* or *pa* . . . *oken* in the following sentences:

CUE

STUDENTS

Tout abitan travay leù lapli tonbe.
Yo fè premiè komunyon
nan tout bouk yo.

Oken abitan pa travay leù lapli tonbe.
Yo pa fè premiè komunyon
nan oken bouk yo.

M-ap pran tout chapo li pito yo.

Bay ti bway la tout kòb la.

Y-a fi-n tout djòb yo boneù.

N-ava pote tout lunèt nwa yo pou ti-moun yo.

Medam yo va fè tout travay ki gen pou fèt.

Tout ti msye yo vi-n wè-m anvan m pati.

Tout machann yo va vini kouniè-a.

Tout moun konn rankontre pòv la.

Yo fè premiè komunyon nan tout legliz yo.

Tout ti-moun yo fè sa yo te vle-a.

J. Replace the words in English with their equivalents in Creole.

CUE

STUDENT

Tonton sa-a gen (50 years).

Tonton sa-a gen senkant an.

Yè nou travay (the whole day).

Yè nou travay tout jounen an.

(At night) m pa renmen sòti seùl.

N-a pase lakay ou (in the morning).

Yo pronmnen (every evening)

An janvye (the evenings) long.
 Se (first day) pitit mwen an al lekòl.
 Se (first year) nou pase O Zetazini tou?
 (Every year) ti-moun yo al an Euròp.
 Ou kwè nèg sa-a (is 21 years old)?
 M fè (the whole day) lavil.
 (Next year) nou pral an Ayiti.

K. Answer the questions in the following manner: Repeat the question with the right intonation, then add the cue phrase preceded by *se selon*. Do not forget to make the necessary changes.

QUESTIONS AND CUES

ANSWERS

Chak bouk gen jou premye komunyon
 komunyon

pa-l? (jou fèt sen an tonbe)

Abitan pa travay nenpòt

ki leù? (leù lapli tonbe)

Ou a vini wè-m anvan m pati? (jou ou ap pati)

M-a mèt kenbe oto ou la jis mwen fini? (leù ou ap fini)

Li va vini kouniè-a? (sa l-ap fè)

M-a pran chapo blan an ou byen chapo nwa-a? (chapo ou pito)

Ou a bay ti bway la kòb li? (si li fi-n travay la)

Y-a fi-n djòb la boneù? (leù y-a kòmanse li)

N-ava met lunèt nwa nou? (si gen anpil solèy)

Medam yo va fè nenpòt ki travay? (sa yo jwenn)

Sese ap mete bèl soulie li? (kote li prale)

Ou pral pronmennen avè nou? (kote nou pral pronmennen)

Chak bouk gen jou premye

pa-l, se selon jou fèt sen an tonbe.

Abitan pa travay nenpòt

ki leù, se selon leù lapli tonbe.

IV. LEKTU

'Kat je kontre, manti kaba'

Vwala se te yon pòv ke tout moun O Kap te konnen. Men se sa nou rele pòv rebèl, paske li pa janm aksepte ni de kòb, ni sink kòb. Li pa sèvi ak ti monnen kon sa. Pi piti kòb pou ou mete nan kwi li se ven kòb.

Jou li sòti pou al mande charite se lundì, madi, mèkredi, jedi ak vandredi. Pèsonn pa janm rankontre li ni le samdi, ni le dimanch. Tout moun toujou konnen ke se yon pòv rebèl, donk yo pa janm chèche konnen pou ki sa.

Li te genyen yon bòs nan do. Bòs la te fè li vini kout, kout. Li te mache krochu, li te pale nan nen, epi li te pote yon lunèt nwa. Pèsonn pa te janm kapab wè je li.

Vwala se te yon jou dimanch, te genyen premiè komunyon. Se te fèt tou patou, epi ti-moun te nan tout premiè komunyon yo. Gen yon ti-moun ki wè yon msye ki sanble nèg la nan yon premiè komunyon. Men moun nan te si byen abiye ke li peù mande li si se li ki pòv la. L-ale lakay li, li di papa-l sa. Papa-a menm voye ti bway la o diab. Men, de jou pi ta, ti bway la ak de lezòt ti kanmarad rankontre menm pòv la. Yo ranje pou yo ale wè si se yon pòv vre e si li bosu tou.

Sa yo fè, yo ranje pou youn manyen bòs la, lòt la pou wete lunèt la, epi denye-a pou rale baton an. Yo proche kote pòv la tankou yon moun yo pral fè charite. Yo touche bòs nèg la, men nèg la pa te genyen oken bòs nan do. Se te yon bann ranyon ki te nan do li. Yo wete lunèt la, msye pa te aveùg. Ti-moun yo pran rele (ou konn ti-moun) 'Nèg la pa bosu, nèg la pa bosu, nèg la pa bosu'.

Leù msye wè li mele, moun kòmanse ap sanble, li fè hap!, li kouri. Yo pa janm wè pòv la ankò nan rejyon an. Se vre sa provèb la di-a: 'Kat je kontre, manti kaba'.

Cultural Note

Zombie:

A will-less and speechless human in the West Indies capable only of automatic movement, held to have died and been re-animated but often believed to have been drugged into a catalepsy for the hours of interment. -- Webster's Third New International

In Haiti, the zonbi 'zombie' is a victim of malevolence, rendered seemingly dead from a poison extracted from certain plants and prepared with a formula known only to a very few people. The victim's "corpse" is revived with an antidote that restores the physiological life of the body, but not its memory or will-power. It is capable only of blindly obeying a master and thus provides slave labor for him. Occasionally a zombie is cured and returned to normal life, if his state is discovered in time and the effect of the drugs or poison on his brain has not exceeded the tolerable amount of damage.

Pale nan nen

(lit., 'speak in the nose') is the manner of speech thought to be characteristic of zombies. It stems from the custom where the corpse, before being dressed and laid in the coffin, is given a *twalèt dè mò*. This 'toilet of the dead' requires that the nostrils and ears be plugged up with cotton balls. As a result, the zombie (whose death was only apparent), when brought back to life, speaks like one whose nostrils are closed by thumb and index finger.

Kestyon

1. Ki kote pòv la rete?
2. Ki pi piti kòb pòv la aksepte seùlman?
3. Eske pòv la mande charite le samdi ak le dimanch?
4. Ki kalite pòv msye-a ye?
5. Sa li te genyen nan do li?

6. Ki jan li te pale?
7. Sa li te genyen nan je li?
8. Ki jan li te mache?
9. Pou ki sa?
10. Pou ki sa pèsòn pa te janm kapab wè je li?

11. Ki kote ti-moun nan te kwè ke li wè msye yon jou dimanch?
12. Pòv la te genyen ranyon nan do li leù sa-a?
13. Sa ti gason an fè leù li retounen lakay li?
14. Papa ti gason an kwè li?
15. Sa ti-moun yo fè pou konnen si nèg la se pòv vre?

16. Msye-a te bosu vre?
17. Msye pa kab wè?
18. Li pa kab kouri?
19. Sa msye-a fè leù ti-moun yo montre ke li pa yon pòv vre?
20. Li retounen mande charite yon lòt fwa?

21. Eske pòv la tounen nan rejyon an?
22. Eske se yon vre pòv?
23. Pou ki yo rele-l pòv rebèl?
24. Tout moun chèche konnen pou ki sa li rebèl?
25. Ki moun ti gason an mennen avèk li pou wè si nèg la se pòv vre?

26. Konbyen ti-moun sa fè ki al wè si se vre.
27. Eske ti-moun yò fè sa yo te vle fè-a.
28. Yo tou le twa manyen bòs la?
29. Eske se yon seùl ti bway ki wete lunèt la ki rale baton an?
30. Ou gen monnen nan pòch ou?

31. Pou ki sa pòv la te met lunèt nwa?
32. Ki jou pòv la al mande charite?
33. Gen moun ki konn rankontre pòv la le samdi ak le dimanch?
34. Eske ou gen yon bòs nan do ou?
35. Si m di: "Ou kaba tout manje-a.", ki sa sa vle di?

36. Leù ou kanpe, èske ou kanpe krochu?
37. Nou tout kout?
38. Nan ki legliz yo fè premye komunyon?
39. Leù gen premye komunyon an Ayiti, èske gen anpil banbòch?
40. Kòman yo rele yon moun ki pa wè?

V. GRAMMAR NOTES

A. Usage of *men* and *vwala*

1. *Vwala* 'here is', 'here are', 'there is', 'there are' is used only when relating a story.

Vwala yon jou, yon
msye ak yon madamn . . .

There was a time (when)
a man and a woman . . .

Vwala yon fwa...

Once upon a time...

2. In all other cases *men* is used.

Men yon msye ak yon madamn ap vini. Here are a man and a woman coming.
Men yon bon liv. Here is a good book.

B. *Pa* as Possessive Marker

Pa 'share', 'property', 'own' is often used as a possessive marker. As such, it precedes the personal pronoun or noun. Its use is not mandatory, but it puts a special emphasis on the possessor.

Sa-a se liv mwen.
Sa-a se liv pa mwen.
Sa-a se liv pa-m.

This is my book.
This is my book.
This is my book.

Notice the negative form:

Se pa pa-m.
Se pa pa papa-m.

It's not mine.
It's not my father's.

C. *Nenpòt ki, nenpòt*

1. *Nenpòt ki, nenpòt* 'any' is generally followed by the object.

Ban-m nenpòt (ki) liv.

Give me any book.

2. But the noun which is modified by *nenpòt* may be omitted when it's already mentioned in the context.

Ki liv ou vle?
-Ban-m nenpòt.

Which book do you want?
-Give me any.

D. *Pèsonn...pa janm, pa janm...pèsonn*

Pèsonn...pa janm or *pa janm...pèsonn* are strong negatives used as follows:

Pèsonn pa janm al wè yo.

No one ever went to see them.

Pa janm manje nan men pèsonn.

Never take food from anyone.

E. *Le, tou le*

The days of the week or time of day are preceded by *le* or *tou le* to show regular and frequent occurrence.

Le dimanch n-al legliz.

We (generally) go to church on Sundays.

Le matin mwen leve boneù.

In the morning I (generally) get up early.

Tou le dimanch n-al legliz.

We go to church every Sunday.

F. *Prochen, prochèn, prochinn*

Prochen 'next' occurs also in the forms *prochèn* and *prochinn* with formal French feminine nouns.

ane prochèn

next year

semèn prochèn

next week

prochèn stasion

next gas station or stop

G. *An, ane, lane* 'year'

The terms are often used interchangeably.

1. *An*

Usage has established *an* as the 'measure of age' and it is preferred anytime it's preceded by a cardinal number.

Li gen set an.

Kay sa-a gen senkant an.

He is seven years old.

This house is 50 years old.

It's also used in the following expressions:

par an

jou d-lan

tou le zan

per year

New Year's day

every year

2. *Ane, lane*

a. *Ane* or *lane* is the period of 12 months. It's used to express a duration of time.

Gen 12 mwa nan yon ane.

There are 12 months in a year.

b. It's used with *nan* or *dan* 'in', *pandan* 'during', *tout* 'whole', *chak* 'every', adjectives and ordinal numbers.

M travay tout ane-a.

Se premye ane m-ap travay.

Lane prochèn m pral an Euròp.

Bòn ane!

Ane 1966 la te bon.

I worked the whole year.

It's the first year I've worked.

I'm going to Europe next year.

Happy New Year'

Nineteen sixty-six was a good year.

c. Notice the *l* in *lane* which is the persistence of the French article *l'*.

H. Alternate Forms of *jou*, *maten*, *swa*

<u>jou</u> - <u>joune</u> , <u>jounen</u>	day
<u>maten</u> - <u>matine</u>	morning
<u>swa</u> , <u>aswè</u> - <u>sware</u>	evening

1. *Jou*, *maten*, *swa* or *aswè* are used more often than their synonyms. However, *ioune* or *jounen*, *matine* and *sware* are used as *ane* is used to express the whole length of the period of the time mentioned, i.e., the duration of that specific time.

Compare:

- a. *Jou-m rive an Kalifoni lapli t-ap tonbe.*
The day I arrived in California, it was raining.
 - b. *Le swa m-al lekòl.*
In the evening I go to school.
 - c. *Maten an m sòti boneù.*
This morning I went out early.
2. They are also used with *nan* or *dan* 'in' and *pandan* 'during' to express the duration; with *tout* 'whole' to express the totality; and with adjectives. But with *chak* 'every' and ordinal or cardinal numbers, *maten*, *swa* and *jou* are preferred.

M pase tout matine-a lakay.
I spent the whole morning at home.

Chak maten m vi-n lekòl.
I come to school every morning.

M-a pase yon jou sèlman.
I'll spend one day only.

Se premye swa m ret lakay.
It's the first evening I stay home.

Ala yon bèl jounen jodi-a!
What a beautiful day today!

Sware-a pase vit.
The evening went fast.

VI. VOCABULARY

abiye, v.	to dress
almanak, n.	calendar
aveùg, avèg, n.; adj.	blind person; blind
banbòch, n.	spree, feast
banboche, v.	to go on a binge, to carouse
bann, n.	bunch, band
bòs, n.	hump
bosu, n.	hunchback
bway, n.	boy
charite, n.	charity
diab, djab, n.	devil
dimanch, n.	Sunday
do, n.	back
fèap, v.phr-	to move suddenly
gason lakou, n. phr.	yardboy
gen lè, v. phr.	to seem, it seems
hap!, int.	(onomatopoeia) a sudden movement
jedi, jedi, n.	Thursday
kaba, v.; adj.	to finish; finished
klòch, n.	bell
kòmanse, koumanse, v.	to begin
komunyon, n.	communion (ceremony and celebration)
kwi, n.	dish made out of a calabash
kout, adj.	short
krochu, adj.	crooked, bent over
lindi, lundi, n.	Monday
lunèt, linèt, n.	eyeglasses

madi, n.	Tuesday
mande charite, v.phr.	to beg (lit.,to ask for charity)
manyen, v.	to feel, to touch, to examine by touch
mèkredi, mèkredi, n.	Wednesday
mele, adj.; v.	be confused, mixed up to mix up, to confuse
monnen, n.	change (money, small change)
nenpòt, adj.; pr.	either, either one
nenpòt ki, pr.; adj.	any, anyone, no matter what
oken, adj.	not any
wete, v.	to remove
pa + pers. pr./n., exp.	possesive marker
pozitiv, adv.	exactly! right! very true! true!
proche, v.	to draw near, to approach, to come close
pronmnen, promennen, v.	to take a walk, a drive, a ride
prochen (m.), prochèn (f.) adj.	next
ranje, v.	to arrange, to fix, to repair
ranyon, n.	rag
rebèl, rebèl, n.; adj.	rebel; rebellious
rejyon, n.	region
selon, selon, se selon, prep.	depends, according to, that depends
sèvi, v.	to worship:
sonnen, v.	to ring, to sound, to peal
tou le, adj.	every
vandredi, vandredi, n.	Friday
vwala	here is, there is
zonbi, n.	zombie

Proverb

Kat je kontre, manti kaba.
(When) you meet eye to eye, lying stops.

LESSON 25

REVIEW

I. ORAL REVIEW OF LESSONS 21 AND 22

A. Put in the negative with *pa janm*:

SENTENCES

Li vwayaje.
Nou te konn pale kreyòl.
Y-ap vi-n wè ou.
Madanm nan te fè pòv la charite.
Youn te konn lòt.
Lapli tonbe jeudi.
Ti bway la aksepte fè karyè militè.
Pòv la bosu e aveùg.
Msye yo al legliz le dimanch.
Gen premye komunyon nan bouk la.
Nèg la konn abiye byen.
Kòmè-m a ale Pòtoprens.

RESPONSES IN NEGATIVE

Li pa janm vwayaje.
Nou pa te janm konn pale kreyòl.

B. Make sentences with the following words:

WORDS

chans
chèf seksyon
goumen
siveye
abitan
lage
nan mitan
tounen
semèn
lezòt
goute

SENTENCES

Nou gen chans yo voye-n aprann kreyòl.
Chèf seksyon an pran asasen an maten.
an.

C. Answer the following questions in the negative, using *pèsonn pa* or *pa...pèsonn* as required:

QUESTIONS

NEGATIVE RESPONSES

Ki moun ki vini maten an?
 Li te bay pòv yo kòb?
 Ki moun ou konnen Pòtoprens?
 Tout msye yo an vwayaj?
 Konbyen moun avyon an genyen?
 Eske ou te wè ti medam yo legliz?
 Ki moun ki te nan banbòch la?
 Ki moun Soveù te wè?
 Eske gen moun ki te mouri nan aksidan an?
 Tout moun ap dòmi kounyè-a?
 Ki moun ki ta va fè yo charite?
 Nou te wè yo ap kouri?

Pèsonn pa vini maten an.
 Li pa te bay pèsonn kob.

D. Translate:

The rural police officer arrested the tourist and put him in jail.
 If you're interested, come to see me at home the day after tomorrow.
 Boutiliers is a cool and quiet area on the hill above Petionville.
 The plane landed at "Mayi Gate" airport, loaded with American tourists.
 MacDonald had never come to Haiti before.
 You're right if you think that it's easy to speak Creole.
 Never argue or fight without a good reason. It can get you in trouble.
 Foreigners like to spend their vacation in Haiti, where they find good sun, good food, beautiful sky, good rum and everything cheap.
 The story about the shark made everyone run to the seaside.
 The tourist called a taxi and hurried to the airport in order not to miss the plane to the U.S.

E. Change the following sentences using the pattern *Ala . . .* and the repetition of either the adjective or the verb:

SENTENCES

RESPONSES

N-ap banboche.
 Ou bèl.

Ala banboche n-ap banboche!
Ala bèl ou bèl!

Klòch la sonnen.
 Nèg sa-a krochu.
 M ta promennen.
 Pòv sa-a rebèl.
 M ta peù si m te ou-menm.
 Gad kòt la tire sou bato yo.
 Nonm sa-a se asasen.
 Otèl la trankil.
 Maren yo bouke.
 Ti gason an malad.

F. Replace *pou* with *se pou* in the following statements. Make the necessary changes.

SENTENCES WITH *pou*:

Medam yo pou ranje
 zafè yo aswè-a.
 Nou pou mache yon blòk ankò.
 Avyon an pou ateri a twazeù.
 Li pou tounen boneù.
 Gad la pou pran asasen an.
 Ou pou repoze ou tou le jou.
 Moun ki pa konn li pou aprann li.
 Nou pou konnen istwa pel nou.
 Ti-moun yo pa pou kaba tout manje-a.
 Yo pou pote monnen ban mwen.
 Pluzieù pasaje pou rete.
 Ti fi yo pou al larivyè.

SENTENCES WITH *se pou*:

Se ou medam yo ranje
 zafè yo aswè a.
Se pou nou mache yon blòk ankò.

G. Replace *chak* with *tou le* in the following statements.

CUES

Ti mesye sa yo goumen chak jou.
Chak apremidi gad la fê egzèsis.
 Chak vandredi gen mache Kwa dè Boukè.
 N-al legliz chak dimanch.
 Chak ane nou pase vakans Kenskòf.
 Nou gen pou nou fê yon vwayaj chak mwa.
 Nou sot lekòl a katreu chak apremidi.
 Ti-moun yo al nan mache chak samdi.
 Chak jou nou repoze nou apre manje.
 Nou pa konn al nan lanmè chak dimanch.
 Ti mesye yo kouri chak maten.
 Nèg yo travay rèd chak swa.

STATEMENTS

Ti mesye sa yo goumen tou le jou.
Tou le zapremidi gad la fê egzèsis.

H. Change the following sentences to negatives using the double negation *pa janm...pèsonn* or *pèsonn pa janm*.

AFFIRMATIVE SENTENCES

Pou msye, tout moun gen rezon.
 Nou wè ti-moun lekòl la dimanch.
 Chans vi-n pou tout moun.
 Ti gason-m nan goumen ak tout moun.
 Tout moun kole zòrèy yo nan pòt pou koute.
 Anpil moun al wè-l nan prizon an.
 N-al pase vakans Kenskòf le gen fredu.
 Msye yo bwè likeu boneu.
 Medam yo monte nan tren.
 Nèg sa-a bat tout moun.
 Lame interese tout msye yo.
 Chofeu sa-a frape moun sou rout li.

NEGATIVE SENTENCES

Pou msye, pèsonn pa janm gen rezon.
 Nou pa janm wè pèsonn lekòl la dimanch.

I. Translate into Creole the words in parentheses.**CUES**

N-a goute manje-a (tomorrow morning)
 (Tonight) lezòt moun yo ap rive.
 Mwa sa-a (days) pi long.
 Nou pa janm rete ta deyò (in the evening).
 (Last year) m te Kuba.
 Gen moun ki mouri (every day).
 Pitit gason-m nan gen (2 years).
 (Every year) nou al fè vakans Kenskòf.
 Ti-moun yo pase (the whole morning) nan dlo-a?
 Depi (the first year) nou pase an Ayiti nou pale kreyòl.
 (The first day) nou vi-n lekòl la nou te peù.
 (The evening) pase nou pa fè anyen .

STUDENTS

N-a goute manje-a demen matin
Aswè-a lezòt moun yo ap rive.

J. Review the questions on Lessons 21 and 22.

II. INDEPENDENT STUDY

Tape No. 25-A

A. Vocabulary

ri, v.

to laugh

B. Lektu

Deu Aveùg

Vwala se te yon fwa, yon msye kap desann lavil. Li wè deu aveùg k-ap mande charite devan legliz katolik la. Li proche kote yo epi li di: "Mesye, mwen pa gen ti monnen pou-m ta ba nou chak, alòs men mwen ba nou yon goud pou nou de." Aveùg yo di mèsi anpil, epi nèg la al fè rout li. Men msye pa bay oken lajan, e kòm yon goud se pa kòb ki sonnen, chak aveùg kwè ke se lòt la ki gen kòb la. Yo plede bay odyans afòs yo kontan, men nèg la rete tou pre pou-l wè sa ka pral pase.

Uneù pi ta, mesye yo tèlman ri, yo tèlman bay odyans ke yo koumanse grangou. Youn di lòt la: "Monchè, ak lajan sa-a ki lan men ou nan, annou al achte yon ti manje pou dis kòb a chak, epi ou a ban-m karant kòb." Lòt la di: "Apa ou menm ki gen kòb la." Epi yo chak kwè ke lòt la vle pran tout lajan an pou li seùl epi yo rale baton yo e yo plede goumen. Nèg la menm ap plede ri. Baton a dwat, baton a gòch, jistan yon fanm ki t-ap gade e ki te wè tout bagay, kouri vi-n di aveùg yo: "Mesye, pa goumen. Mwen te la leù nèg la pase-a, e m ka di nou li pa-t mete oken lajan nan kwi pèsonn. Epi, men msye rete la-a pou-l ri nou". Leù aveùg yo tandè sa, yo pa goumen ankò e yo di ke y-ap siveye leù nèg la pase yon jou pou yo bat li.

C. Kestyon

1. Eske se istwa deu moun ki wè byen?
2. Ki sa aveùg yo t-ap fè?
3. Kote yo te ye?
4. Kote msye k-ap pase-a t-aprale?
5. Eske li bay aveùg yo charite?

6. Ki lajan li di li ba yo pou yo tou deu?
7. Ki sa chak aveùg yo kwè?
8. Leù yo kwè nèg la ale, ki sa yo fè?
9. Eske nèg la ale vre?
10. Ki sa li fè?

11. Ki leù yon aveùg mande kòb pa li?
12. Sa lòt la di?
13. Ki sa chak aveùg kwè?
14. Aveùg yo pa fè anyen leù chak kwè ke lòt la pran tout kòb la?
15. Pa te gen pèsonn la leù nèg la te pase?

16. Sa li di pou li rete goumen an?
17. Ki sa aveùg yo di y-ap fè nèg ki te fè yo charite-a?
18. Ou konn fè pòv charite deja? (yes)
19. Kòman yo rele yon moun ki pa wè?
20. Moun ki aveùg bezwen lunèt?

D. Dictation

E. Review Tapes 21-B and 22-B.

HOMEWORK

Study the new vocabulary of the narrative Vakans in preparation for the oral comprehension exercise.

III. REVIEW OF LESSONS 23 AND 24

A. Answer the following questions about the human body:

QUESTIONS

- Ki pati nan kò yon moun ki pi ro?
Tout pati yo, mete ansanm fè ki sa?
Ak ki pati nan kò li yon moun manyen?
Ki pati nan kò li chak moun tande?
Ak ki pati nan kò ou ou ka manje?
Avèk ki sa yon moun wè?
Ki pati nan kò nou bon Dye ban nou pou nou santi?
E pou ki sa je sèvi?
Ki ba yo di lespri ou ye?
Nan ki pati nan kò yon moun men ni kole?
Kòman yo rele pati ki anlè tèt chak bra?
Kouman yo rele pati devan tèt ou ki gen nen, je ak bouch?

ANSWERS

- Se tèt yon moun ki pi ro.
Tout pati yo met ansanm fè yon kò.

B. Write a sentence with each of the following words, pronouncing it as you write:

(Fè yon fraz avèk chak mo nou pral tande yo.)

kouri	almanak
mwens	manyen
provens	ranyon
alèkile	kwi
bwa	mèkredi

Hand in for correction.

C. Write a composition of about 15 lines on what you do on Saturdays and Sundays:

Hand in for correction.

D. Translate the words in parentheses and insert *tou le* into the following sentences:

CUES

Matant mwen al O Kap (month).
 Aveùg la pran kwi li (day).
 An Frans ti-moun pa al lekòl (Thursday).
 Gen moun k-al pase vakans yo O Zetazini (year).
 Nou leve boneù (morning).
 Gen lekòl du dimanch (Sunday).
 Li bwè yon boutèy ronm (afternoon).
 Tonton an pronmnen (evening).
 Klòch nan bouk la sonnen (noon).
 Pratik la vi-n vann mwen legum (Wednesday).
 Papa-m al peche (Saturday).
 Ti mesye yo al banboche (evening).

STUDENTS

Matant mwen al O Kap tou le mwa.
 Aveùg la pran kwi li tou le jou.

E. Answer the following questions in the negative. Use *mwens* instead of *plis*.

QUESTIONS

Ou gen plis travay jodi-a?
 Sese abiye plis pase Anita?
 N-a banboche plis semèn prochèn?
 Bosu-a resevwa plis kòb maten an?
 Le jedi swa gen plis moun ki al legliz?
 Gen plis pòv kounyè-a nan ru Pòtoprens?
 Gen plis komunyon nan bouk la ane sa-a?
 Nou te pronmnen plis samdi sa-a pase samdi denye?
 Ti fi-a sanble manman ni plis?
 Rebèl la yo plis nan peyi-a?
 Gen plis aksidan an Ayiti pase O Zetazini?
 Nou ka jwenn plis djòb nan provens pase nan kapital la?

ANSWERS IN THE NEGATIVE

Non, m gen mwens travay jodi-a.
Non, li abiye mwens pase Anita.

F. Answer the following questions:

QUESTIONS

Ki sa yon ban la pou fè?
Ki sa je la pou fè?
Ki sa yon avyon la pou fè?
Ki sa gason lakou la pou fè?
Ki sa klòch la pou yo fè?
Ki sa nou la pou fè?
Ki sa pye la pou fè?
Ki sa bouch la pou fè?
Ki sa pòv la pou fè?
Ki sa men la pou fè?
Ki sa yon kannon là pou fè?
Ki sa gad kat la pou fè?

ANSWERS

Yon ban la pou fè kabann.
Je la pou wè.

G. Ask questions according to the following answers:

ANSWERS

Nou nan mwa lapli.
Jodi-a se vandredi
Nou an...(1995)
Nou vi-n lekòl le lundì, le madi, le mèkredi, le jedi, ak le vandredi.
Nou nan 7^{èm} semèn ane-a.
Nou gen sink semèn depi n-ap aprann kreyòl la.
Se 25^{èm} jou nou isit la.
Rete nou 95 jou pou nou fi-n aprann kreyòl.
Nou kòmanse aprann kreyòl mwa sa-a.
Se le vandredi nou pi renmen nan semèn nan.
N-al promennen lavil le samdi ak le dimanch.

QUESTIONS

Nan ki mwa nou ye?
Ki jou jodi-a ye?

H. One student should give the military commands he knows to the other students.

I. Replace *yon* with *nenpòt* or *nenpòt ki* in the following:

CUES

Yon moun aveùg pa wè.
 Se pa yon pòv ki mande charite.
 Yon moun kab pale kreyòl.
 Se pa yon kay ki gen sal de ben.
 M bwè yon kola.
 Moulin sa-a moulin yon bagay.
 Nan restoran an yo sèvi yon manje.
 Mete afè ou nan yon malèt.
 Touye yon beuf.
 Yon bijou va bon.
 Yon navigateù ka rantre nan rad la.
 Touris al an Ayiti yon mwa.

STUDENTS

Nenpòt (ki) moun aveùg pa wè.
 Se pa nenpòt (ki) pòv ki mande charite.

J. Translate the following sentences:

He came to my house last Wednesday and we spent the whole evening together.

As soon as you agree to let me go I'll drop everything.

If you come day after tomorrow, we'll be there all morning.

People who work a lot during the day must rest a lot in the evening.

Last Friday I received a bottle of liqueur for my birthday.

Children who never stay quiet always put people in trouble.

Nowadays a trip by train is a big event.

No one was there when the accident happened.

Every Sunday morning the children go to church on foot.

Yesterday afternoon he agreed to go and cut the wood all day next Monday.

IV. INDEPENDENT STUDY

Tape No. 25-B

A. Lektu

Sou chan d-ti

Twa fwa pa semèn gen egzèsis sou chan d-ti. Se prèske toujou anrole ki pa gen lontan nan lame ke yo mennen vi-n aprann tire. Yo montre yo tire fizi anvan lòt zam paske fizi pi fasil pou aprann tire. Apre ou fi-n aprann demonte yon fizi avèk non tout pyès yo, premye bagay yo montre ou se jan pou kenbe fizi ou, jan pou pote-l, jan pou ajiste li sou zepòl ou, baskilè pou pase yon bal o kanon, epi jan pou vize jis. Pou ou su bal la ap tonbe kote ou ap tire-a, se pou fizi-a kole byen sou zepòl ou, epi, pou as ak gidon fizi-a tou le deu byen ajiste sou sib la. Avèk yon bon fizi ou kab ajiste as la si sib la lwen ou byen pre, epi avèk sa pa gen manke. Anpil anrole gen bon dispozisyon pou tire; yo aprann vlt e yo vi-n pa.

B. Kestyon

1. Kote yo aprann tire an Ayiti?
2. Konbyen fwa pa semèn ki gen egzèsis de tir?
3. Eske se militè ki la lontan yo montre tire?
4. Ki premye zam pou ou aprann konnen?
5. Pou ki se fizi yo montre anvan?

6. Ki premye bagay pou aprann ak fizi?
7. E apre, sa yo montre ou ankò?
8. Ki sa pou ou fè pou vize jis?
9. Eske as fizi-a bezwen ajiste?
10. Ak ki fizi as la kapab ajiste?

11. Ki leu as fizi-a bezwen ajiste?
12. Eske se fasil pou ou manke si ou vize jis?
13. Pa gen anrole ki gen bon dispozisyon pou tire?
14. Yo pran anpil tan pou yo aprann?
15. Leu yon moun bezwen fè ekzèsis de tir, kote pou l-ale?

16. Pou ki yo pa mennen anrole ki gen lontan nan lame-a sou chan d-ti?
17. Ki sa pou ou fè pou pase yon bal o kanon?
18. Sa pou ou fè pou ou su ke bal la ap tonbe kote ou tire-a?
19. Sou ki sa anrole yo tire sou chan d-ti?
20. Yon aveùg kapab vize jis?

21. Eske yo ka tire byen?
22. Ki pati nan kò yo ke yo sèvi kòm je?
23. Se ak men dwat tout moun tire fizi?
24. Se kanpe seùlman yon moun ka tire?
25. Ki lòt jan yon moun ka tire?

26. Si yon moun konn tire trè byen, èske li bezwen vize chak fwa l-ap tire?
27. Eske yon moun dwe fè egzèsis de ti tout tan pou-l vi-n pa?
28. Ki pati ki pi nesèsè nan yon fizi?
29. Nou konn non tout pyès yon fizi genyen?
30. Nou fò nan tire fizi?

C. Dictation and Correction

D. Review tapes 23-B and 24-B.

V. ORAL COMPREHENSION EXERCISE

Tape No. 25-C

VOCABULARY

a pye, adv.	by foot
bal, n.	ball, dance
bwèson, bwason, n.	drink, beverage (alcohol)
chaleù, chalè, n.	heat, warmth, high temperature
danse, v.	to dance
distraksyon, n.	fun, distraction, amusement, entertainment
gran nèg, n. phr.	big shot, VIP
kraze, v.	to take a lot of (idiom)
mizi, mezi, mezu, n.	measure, amount
mo, n.	word
mwayln, moyen, n.	means, way
naje, v.	to swim
nesesè, adj.	necessary
ri, v.	to laugh
sinon, conj.; adv.	unless, otherwise, or else
souvan, adv.	often
tèks, n.	text
ti nèg, n. phr.	small fry

VI. SINGING

A. Reference: Songbook

1. Gabelus
2. Madanm nan kwit yon pwa kongo
3. Ibo Lele, ayanman
4. Tolalito

B. Vocabulary Aid

avan yè, adv. phr.	the day before yesterday
ayanman	(nonsense syllables)
banbile, v.	to go on a spree, to feast, to enjoy oneself
bo, v.	to kiss
boukan, n.	wood fire; firewood
bouske, v.	to look for
fè dodo, v. phr.	to make someone sleep, to sleep
fè doudous, v. phr.	to caress
Ginin, Pr. n.	Guinea
jako, n.	parrot
kwit, v.	to cook
malprap, adj.	dirty
negès, (f), n.	negress, woman
padon, n.	forgiveness, pardon, excuse
pantalon, n.	pants
pile, v.	to stamp on someone
rèv, n.	dream
slye, v.	to dance
vèt, adj.	green
yè o swa, adv phr.	last night
zandolit, n.	lizard

LESSON 26

THE WEATHER

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute pa repete:

Kouman yo rele sa-a? (show a calendar)

Wi, se yon almanak. Li ban nou non jou la semèn yo, e li fè nou konnen nan ki mwa nou ye.

Koulyè-a, nou nan mwa...(janvyè). Janvyè se premye mwa nan ane-a. Apre janvyè se fevryè. Se mwa ki pi kout nan ane-a. Li dure 28 ou 29 jou. Lezòt mwa yo pote 30 ou 31 jou. Apre fevryè se mas, avril, me, jin, jiyè, out, septanm, oktòb, novanm ak desanm.

B. Annou di non mwa yo. Repete apre mwen:

Janvyè, fevryè, mas, avril, me, jin, jiyè, out, septanm, oktòb, novanm, desanm.

C. Koulyè-a, reponn kestyon sa yo:

1. Ki mwa ki pi kout?
2. Konben jou mwa sa-a pote?
3. Konben jou fevryè konn pote?
4. Pa gen lòt mwa ki dure 28 jou?
5. Konben jou lòt mwa yo dure?
6. Ki mwa ki dure 30 jou?
7. E ki mwa ki dure 31 jou?
8. Nan ki mwa nou ye koulyè-a?
9. Ki denye mwa ane-a?
10. Ki mwa ki nan mitan ane-a?
11. Lè fevryè fi-n pase, nan ki mwa nou ye?

D. Koute pa repete:

Jodi-a fè bon. Li pa fè lapli, li pa fè lanèj, li pa fè laglas, li pa fè loraj. Pa fè cho dutou. An Ayiti lè gen lavalas, gro lapli kon sa, ak anpil loraj, pa gen lumyè nan kay yo. Tout moun ret nan nwa. Nou pa gen lanèj, men nou gen anpil siklòn ak move tan. Jodi-a gen bo tan. Tan an bèl.

E. Substitute the following cues for *bon* in the sentence *Jodi-a, li fè bon anpil*

CUE

STUDENTS

fre

Jodi-a, li fè fre anpil.

chaleù

Jodi-a, li fè anpil chaleù.

van

lanèj

cho

lapli

move tan

lavalas

loraj

fredu

cho

move

bo tan

Note: The cue is usually put before *anpil* when it is an adjective; it is put after *anpil* when it is a noun.

F. Koute pa repete:

Sa-a se kòm. (instructor points to body). Bra-m, tèt mwen, janm mwen, tout ansanm se kò mwen. Men, si m pral yon kote, pèsonn pa prale avèk mwen, pèsonn pap montre-m kote m prale-a, m kapab di ke m pral kote-a pou kò-m.

Repete: M pral lavil pou kò-m.

Koute: De moun ap goumen. Lapolis vi-n rive. M pa vle yo pran mwen; m rale kò-m.

Repete: Pou lapolis la pa kenbe-m, m rale kò-m.

G. Insert *kò* '-self' in the following sentences to complete them:

CUE

Pòv la kouvri-l ak ranyon.
 Ti gason an benyen ni ak tè.
 Maten an lè m leve, m te santi-m cho.
 Pou yo pa kenbe-m, m wete-m.
 Chen an foure-l nan trou-a, li pa kapab sòti.
 Ti-moun nan pa kontan, li frape li a tè.
 Mesye yo bouke, yo apiye yo sou galri-a.
 Nou te tèlman ap bay odyans, nou bliye nou.
 Nan fèt la, tout moun touve yo anba bwèson.
 Madanm nan fèmin ni nan chanm nan, li pa louvri pou pèsonn.
 Ban-m repoze-m, m bouke anpil.
 Se pou moun toujou suveye yo lè y-ap pale.

SENTENCES

Pov la kouvri kò-l ak ranyon.
 Ti gason an benyen kò li ak tè.

H. Koute pa repete:

Yo di-m moun yo pa ko antre.
 -O kontrè, y-antre deja.

M ta vle pati boneù.
 -O kontrè, se pa pou ou pati boneù.

Repete denye fraz sa-a apre mwen.

I. Transform the following sentences using *o kontrè*:

CUE

Ti-moun yo p-ap manje jodi-a.
 Se pou ou al lavil boneù.
 Ane pase, pa te gen anpil sechrès.
 Ti gason an konn naje byen.
 Mari di ke manman ni ap vi-n demen.
 Fò nou bwè anpil bwèson.
 Madanm nan al wè mari-l souvan nan prizon an.
 Msye sa-a pa konn danse byen.
 An Ayiti pa gen bèl solèy la jounen.
 Yo voye mezu kabann nan bay bòs la.
 Mesye yo jwenn anpil bèt semèn denye.
 Nou pa konnen kantite lajan ki manke-a.

STUDENTS

O kontrè, ti-moun yo ap manje jodi-a.
O kontrè, se pa pou ou al lavil boneù.

J. Koute pa repete:

Si ou pa kapab fè yon bagay pou kò ou, yon moun kapab fè bagay la ak ou; li kapab ede ou fè bagay la.

Lè yon moun ede yon lòt, ou di ke li ba li yon kou d-men.

Repete: M pa kapab pran tab la, ban-m yon kou d-men souple.

K. Use either *ede* or *bay* yon kou d-men pou with the following sentences. Make changes if necessary.

CUES

RESPONSES

Sòlda yo pral fè yon patrouy.
(Sèjanan)

Sèjan an pral ede sòlda yo fè yon patrouy.
or: Sèjan an pral bay sòlda yo yon kou d-men pou fè yon patrouy.

Lòt kanmarad li yo ap kenbe yon nèg. (gad la)

Gad la ap ede lòt kanmarad li yo kenbe yon nèg.
or: Gad la ap bay lòt kanmarad li yo yon kou d-men pou yo kenbe yon nèg.

Maren yo ap antre nan rad la. (navigateù-a)

Avèg yo ap chèche lajan yo. (maren an)

N-ap wete oto-a nan lapli-a. (mwen)

Etudiyen yo ap aprann kreyòl. (profeseù-a)

Pitit yo ap koupe bwa. (papa-a)

Gabi ap achte yon malèt pou Toma. (Mari)

Lapolis jwenn asasen an. (nonm nan)

Chèf seksyon an trape maren an. (nèg la)

Madanm nan wete oto-a dèyè kay la. (msye-a)

Sese abiye malad la. (Anita)

L. Koute epi repete:

Depi kèk jou m pa wè Anita ak Sese.

M pa wè yo dutou.

Li-poko manje depi maten. Li pa manje dutou jodi-a.

M. Add *dutou* to the following sentences:

CUE

Ane sa-a pa te bèl.
 Tijo pa konn naje.
 Tèks sa-a pa long.
 Gen moun ki pa bwè ronm.
 Se pa tout istwa ki bon.
 Gen etudiyen ki pa travay.
 Gen kèk peyi ki pa gen mòn.
 Jodi-a chaleu-a pa ro.
 Gen anpil moun ki pa pè lòt moun.
 Gen ranyon ki pa ka sèvi.
 Se reyon moun pa ka al pronmnen le swa.
 Gen de klòch ti-moun pa ka sonnen.

STUDENTS

Ane sa-a pa te bèl dutou.
 Tijo pa konn naje dutou.

II. DIALOGUE

The Weather

MacDonald is in the car with the driver. They leave Port-au-Prince to go to Boutiliers. MacDonald finds it very hot. He asks the driver if it is like this all the time in the country. The driver says that they are not yet in the hot season.

MacDonald: When are we going to have the hot season?

Driver: Pretty soon. You're in March now. When you get to the month of May, the heat begins to increase.

MacDonald: How many months does the heat last?

Driver: Let me see. May, June, July, August, September, October. It lasts for six months. Toward November you get big winds, and rain usually starts to fall. As for December, it usually gets quite cool.

MacDonald: Is it cold enough to cause snow to fall on the mountains?

Driver: No, we haven't yet experienced here what is called snow.

MacDonald: Does it rain heavily here, when it rains?






Driver: Mr. MacDonald, when rain begins to fall here, it bears no resemblance to rain. It's a torrent.

MacDonald: Another question, my friend. When it is really hot, how do people in the city manage?

Driver: Wealthy people go up to Petionville, Kenscoff, and Furcy.

MacDonald: And people who don't have money, how do they manage?

Driver: Some among them go to Petionville, Bizoton and Carrefour, places where people do not have a lot of money. Those who have no money at all stay in town.



Tan an

Makdonal nan machi-n nan ak chofeù-a. Yo kite Pòtoprens pou y-ale Boutilye. Makdonal trouve li fè cho anpil. Li mande chofeù-a si se kon sa li ye tout tan nan peyi-a. Chofeù-a di ke yo poko nan sezon chaleù.

Makdonal: Ki leù nou va nan sezon chaleù?

Chofeù: Taleù kon sa. Ou an mas kounyè-a. Kou ou pran mwa d-me, chaleù kòmanse ap monte.

Makdonal: Konben mwa chaleù-a dure?

Chofeù: Kite-m wè: me, jin, jiye, out, septanm, oktob. Li dure si mwa. Vè novanm ou gen gro van elapli konn tonbe. Nan mwa desanm menm, li konn fè fredu anpil.

Makdonal: Eske fredu-a se yon fredu ki kab fè lanèj nan mòn?

Chofeù: Non, nou pankò konnen sa ki rele lanèj isit.

Makdonal: Eske li fè gro lapli isit leù lapli ap tonbe?

Chofeù: Msye Makdonal, leù lapli kòmanse tonbe isit, se pa lapli ki rete ak lapli. Se lavalas.

Makdonal: Yon lòt kestyon, monchè. Leù fè cho sa ki rele fè cho, kouman moun lavil fè?

Chofeù: Moun ki genyen lajan monte Petyonvil, Kenskòf ak Fusi.

Makdonal: E moun ki pa genyen lajan, kouman yo fè?

Chofeù: Gen nan yo ki ale Petyonvil, Bizoton, Kafou, kote moun pa gen anpil kòb. Sa ki pa gen lajan dutou rete lavil.

Dialogue Buildup

ak chofèu-a
 nan machi-n nan
 Makdonal nan machi-n nan ak
 chofèu-a.

pou y-ale Boutilye
 yo kite Pòtoprens
 Yo kite Pòtoprens pou y-ale
 Boutilye.

li fè cho anpil
 Makdonal trouve li fè cho anpil.

nan peyi-a
 tout tan
 li ye tout tan nan peyi-a
 se kon sa
 si se kon sa
 si se kon sa li ye tout tan
 nan peyi-a

li mande chofèu-a
 Li mande chofèu-a si se kon
 sa li ye tout tan nan peyi-a.

chaleù
 sezon
 sezon chaleù
 nan sezon chaleù
 yo poko nan sezon chaleù
 Chofèu-a di ke yo poko nan
 sezon chaleù.

nou nan sezon chaleù
 nou va nan sezon chaleù
 Ki leù nou va nan sezon chaleù?

with the driver
 in the car
 MacDonald's in the car
 with the driver.

in order for them to go to Boutiliers
 they leave Port-au-Prince
 They leave Port-au-Prince
 to go to Boutiliers.

it's very hot
 MacDonald finds it's very hot.

in the country
 all the time
 it is all the time in the country
 it's like that
 if it's like that
 if it's like that all the time in the
 country

he asks the driver
 He asks the driver if it is like
 this all the time in the country.

heat
 season
 the hot season
 in the hot season
 they are not yet in the hot season
 The driver says that they
 are not yet in the hot season.

we are in the hot season
 we are going to be in the hot season
 When are we going to be in the hot
 season?

taleù
Taleù kon sa.

soon
Pretty soon.

an mas
Ou an mas kounyè-a.

in March
You're in March now.

monte
chaleù kòmanse ap monte
me
mwa d-me
kou
kou ou pran mwa d-me
Kou ou pran mwa d-me, chaleù
kòmanse ap monte.

to rise; to increase
the heat begins to increase
May
the month of May
when
when you get to the month of May
When you get to the month of May,
the heat begins to increase.

dure
konben mwa
Konben mwa chaleù-a dure?

to last
how many months
How many months does the heat last?

oktòb
septanm
out
jiye
jin
kite-m wè
Kite-m wè: me, jin, jiye, out,
septanm, oktòb.

October
September
August
July
June
let me see
Let me see: May, June, July, August,
September, October.

Li dure si mwa.

It lasts for six months.

konn tonbe
lapli konn tonbe
van
ou gen gro van
vè novanm
Vè novanm ou gen gro van e
lapli konn tonbe.

usually falls
rain usually falls
wind
you have big winds
toward November
Toward November you get big winds
and rain usually starts to fall.

fredu
 li konn fè fredu anpil
 desanm
 nan mwa desanm
 Nan mwa desanm menm, li konn
 fè fredu anpil.

nan mòn
 lanèj
 fredu-a kab fè lanèj nan mòn

Eske fredu-a se yon fredu ki
 kab fè lanèj nan mòn?

sa ki rele lanèj
 nou pankò konnen
 Non, nou pankò konnen sa ki
 rele lanèj isit.

lapli ap tonbe
 gro lapli
 èske li fè gro lapli
 Eske li fè gro lapli isit
 leù lapli ap tonbe?

lapli ki rete ak lapli
 se pa lapli ki rete ak lapli
 leù lapli kòmanse tonbe isit
 Msyè Makdonal, leù lapli
 kòmanse tonbe isit, se pa
 lapli ki rete ak lapli.

lavalas
 Se lavalas.

kestyon
 Yon lòt kestyon, monchè.

moun lavil
 kouman moun lavil fè
 sa ki rele fè cho
 Leù fè cho sa ki rele fè cho,
 kouman moun lavil fè?

coolness
 it usually gets cool
 December
 in the month of December
 As for December, it usually
 gets quite cool.

in the mountains
 snow
 the coolness is able to cause snow
 to fall on the mountains
 Is it cold enough to cause snow
 to fall on the mountains?

what is called snow
 we don't know yet
 No, we haven't yet experienced
 here what is called snow.

the rain is falling
 heavy rain
 does it rain heavily
 Does it rain heavily here
 when it rains?

(lit.) rain that remains with rain
 it's not a rain that resembles rain
 when rain begins to fall here
 Mr. MacDonald, when rain
 begins to fall here, it bears no
 resemblance to rain.

torrential rain
 It's a torrent.

question
 Another question, my friend.

the people of the city
 how do the people in the city manage
 what you would call hot weather
 When it is really hot, how do people
 in the city manage?

lajan moun ki genyen lajan	money people who have money, wealthy people
Moun ki genyen lajan monte Petyonvil, Kenskòf ak Fusi.	Wealthy people go up to Petionville, Kenscoff, and Furcy.
kouman yo fè e moun ki pa genyen lajan E moun ki pa genyen lajan, kouman yo fè?	how do they manage and people who don't have money And people who don't have money, how do they manage?
kote moun pa gen anpil kòb	places where people do not have a lot of money
Kafou Bizoton genyen ki ale Petyonvil, Bizoton, Kafou gen nan yo ki ale Gen nan yo ki ale Petyonvil, Bizoton, Kafou, kote moun pa gen anpil kòb.	Carrefour Bizoton some go to Petionville, Bizoton, Carrefour some among them go Some among them go to Petionville, Bizoton, and Carrefour, places where people do not have a lot of money.
rete lavil dutou Sa ki pa gen lajan dutou rete lavil.	remain in the city (in town) at all Those who have no money at all stay in town.

CULTURAL NOTE

Se pa lapli ki rete ak lapli

The verb *rete avèk*, which occurs in this expression, means 'to remain with', 'to stay with'. Therefore, the literal translation of *Se pa lapli ki rete ak lapli* is 'It's no rain that remains with rain'; it is best translated by 'This kind of rain bears no resemblance to rain.'

Rete avèk is generally used in Creole to depict a person who 'remains with' another person in the general sense of being a servant, an inferior. That's what makes the Creole expression *Se pa lapli ki rete ak lapli* or (displacing the negative) *Se lapli ki pa rete ak lapli* mean 'This kind of rain is no second/no inferior to any other rain.'

All the foregoing comes from a general custom in Haiti to have children or teenagers from peasant families of the back country (or even from no-income city families) placed as servants with average or high-income people, or with families who can board, clothe, and feed them in return for their free service. Many families have from two to four unpaid young servants in addition to a few paid adult servants, and it isn't unusual for even very low-income families in the much less than "a dollar a day" bracket to have at least one unpaid servant. In fact, there is at least one servant or more in almost every house of every city, town or village in Haiti, and even some peasants have another peasant's child serving them in exchange for free food.

Restavèk (*reste avèk/rete avèk*) has become a current insult addressed to a person who behaves like an inferior, always taking orders and obeying blindly.

Homework

Continue to prepare your topics for oral reporting. The following students should be ready to report in the morning:

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 26-B

A. Lexical Variation Drills

1. Basic sentence:

Yo kite Pòtoprens pou y-ale Boutilye.
pou y-ale nan Nò

leù fè cho anpil
paske yo pa reñmen
chaleù-a
leù y-al wè matant yo
leù yo tande nouvèl la.

Yo kite Pòtoprens y-ale Boutilye.
Yo kite Pòtoprens pou y-ale nan
Nò.

2. Basic sentence:

Ala cho m cho!
fre
fatige
bouke
swaf
grangou
kontan

Ala cho m cho!
Ala fre m fre!

3. Basic sentence:

Men, ou panko nan sezon chaleù.
nan sezon lapli
nan sezon fredu
nan sezon duri
nan sezon farinaj
nan sezon siklòn
nan sezon patat
nan sezon sechrès

Men, ou panko nan sezon chaleù.
Men, ou panko nan sezon lapli.

4. Basic sentence:

Ou an mas.
 avril
 fevrye
 janvye
 me
 jin
 jiye
 out
 septanm
 oktòb
 novanm
 desanm

Ou an mas.
 Ou an avril.

5. Basic sentence:

Kou ou pran mwa d-me,
 chaleù kòmanse ap monte.
 mwa d-avril

yo ale Kenskòf
 mwa d-janvye
 se sezon fredu
 mwa d-desanm
 lapli kòmanse tonbe
 mwa d-avril
 chaleù kòmanse ap monte
 mwa d-me

Kou ou pran mwa d-me
 chaleù kòmanse ap monte.
 Kou ou pran mwa d-avril
 chaleù kòmanse ap monte.

6. Basic sentence:

Non, nou pa konnen sa ki rele lanèj.
 sa ki rele lavalas
 sa ki rele siklòn
 sa ki rele farinaj
 sa ki rele laglas
 sa ki rele loraj
 sa ki rele solèy
 sa ki rele move tan
 sa ki rele grangou

Non, nou pa konnen sa ki rele lanèj.
 Non, nou pa konnen sa ki rele lavalas

7. Basic sentence:

Kouman moun lavil fè?
moun mòn
moun andeyò
moun ki pa gen lajan
moun ki pa gen machi-n
moun ki pa gen chwal
moun ki pa gen mulèt
moun ki pa gen kabrit
moun ki pòv

Kouman moun lavil fè?
Kouman moun mòn fè?

8. Basic sentence:

Li fè cho.
fre
bon
solèy
lapli
move tan
fre
bo tan

Li fè cho.
Li fè fre.

B. Grammar Exercises

1. Add emphatic *menm* to the noun phrase in the following sentences:

E ou, kouman ou ye?
Se li k-ap vini.
E yo, kote yo prale?
Biro sa-a?
Isit.
Jodi-a fè cho.
Papa-a voye li o diab.
Nan mwa d-oktòb.

E ou-menm, kouman ou ye?
Se li-menm k-ap vini.

2. Change the following sentences to the habitual

Vè novanm lapli tonbe.
Li rete lakay li le samdi
ak le dimanch.

Yo ouvri a neveù kon sa.

Yo fè bòn manje nan restoran sa-a.

Leù li te rete O Kap, li te mande charite.

Leù m te ti-moun, m te bay anpil manti.

Leù Msye Lakasad te mèt restoran an, yo te fè bon manje.

Kamyonèt yo te rete isit menm.

Vè novanm lapli konn tonbe.
Li konn rete lakay li le samdi
ak le dimanch.

3. Replace the modal auxiliary by *konn*:

Yo kap rete lavil.

M te vle ba li sink kòb.

Li sòti mande charite.

Msye ale fè tèt li tou le madi.

Yo te vini bay odyans devan kay li.

Bòn nan kap fè chanm yo leù moun yo sòti.

Chofèù taksi-a vle fè yon ti dòmi lez-aprèmidi.

Lapli kap tonbe vè novanm kon sa.

Yo konn rete lavil.

M te konn ba li sink kòb.

4. Change the following sentences to the past:

Bank yo konn ouvri a uneù
d-laprèmidi.

Li konn manje leù li rive
Plezans.

A ki leù bòn nan fi-n fè chanm yo?

Mèt restoran an vi-n sèvi li yon bon roma ak duri.

Li konn bwè anpil dlo.

N-ap chèche yon kamyonèt pou ale Petyonvil.

Li fè cho anpil!

Ala manteù, li manteù!

Nan mwa d-janvyè li konn fè fredu anpil.

Bank yo te konn ouvri a uneù
d-laprèmidi.

Li te konn manje leù li
rive Plezans.

5. In the following sentences add the definite noun marker to the noun phrase:

Nan kwi li te genyen anpil kòb.

Twa nèg ki fi-n konn

pale franse ale nan mòn.

M pa konnen ki kote Institu Franse ye.

Fò ou gade leù nan Bank Nasyonal.

Mèt restoran kote yo fè bon manje rele Pedro.

Moun k-ap pale kreyòl se yon jounalis ameriken.

Sa nou kab achte kay Ja-n Babankou?

M pa kab jwenn ti bagay an akajou m te achte.

Nan kwi-l la te genyen anpil kòb.

Twa nèg ki fi-n konn

pale franse yo ale nan mòn.

6. Expand the sentences below by adding the cue indicated and change the form of the definite noun marker if necessary:

M pa konn ki kote otèl

la ye. (Kastel Ayiti)

Yo wete lunèt la. (msye)

Twa nèg yo ap plede. (ki konn pale franse)

Moun nan te byen abiye. (k-ap mande charite)

Fò ou goute ronm nan. (Ja-n Babankou)

Jounalis la kab pale kreyòl byen. (ameriken)

Eske chanm nan gen èr kondisyone? (ki lib)

M te konn mande anplwaye-a. (Pann Amerikann)

M pa konn ki kote otèl

Kastèl Ayiti-a ye.

Yo wete lunèt msye-a.

C. Translation

- | | |
|--|---|
| 1. The person asks if it is cool like that all the time in their car. | Moun nan mande si li fè fre kon sa tout tan nan machi-n yo-a. |
| 2. How nice it is! (referring to the weather) | Ala bon, li fè bon! |
| 3. But we're not yet in the dry season. | Men nou pankò nan sezon sechrès (la). |
| 4. Pretty soon, you'll be in the warm season. | Taleù kon sa, ou a nan sezon chaleù (-a). |
| 5. When you get to the month of December, the snow begins to increase in Canada. | Kou ou pran mwa desanm, lanèj kòmanse monte O Kanada. |

- | | |
|---|--|
| 6. How many weeks does the rain last? | Konben semèn lapli-a dure? |
| 7. Toward July, you have big winds. | Vè jiye ou gen gro van. |
| 8. Right in August, it's usually very sunny. | An out menm, li konn fè solèy anpil. |
| 9. We never see what you call a hurricane here. | Nou pa janm wè sa ki rele siklòn isit. |
| 10. When the rain begins to fall, it's something that bears no resemblance to rain. | Leù lapli kòmanse tonbe, se pa lapli ki rete ak lapli. |
| 11. What other question do you have, my friend. | Ki lòt kestyon ou genyen monchè? |
| 12. When there is what one would call hot weather, how do you manage.? | Leù fè cho sa ki rele fè cho, kouman ou fè? |
| 13. And the people who have horses and goats, do they go to Farcy? | E moun ki gen chwal ak kabrit yo ale Fusi? |
| 14. Those who stay in town are hot, but they don't die. | Sa ki rete lavil yo cho, men yo pa mouri. |
| 15. You shouldn't listen to his advice like that. | Ou pa-t dwe koute konsèy li kon sa. |

IV. LEKTU

Boukan

Tout moun konnen sa yo rele yon boukan. Se yon gro dife bwa abitan yo lumen pou yo ka wè byen leù aswè rive. Yo renmen sanble bò boukan an pou fè manje aswè, anvan y-al dòmi. Nan mòn, kote ki gen fredu, boukan bay chaleù. Donk boukan se yon bagay ki nesèsè pou tout moun. Se pou sa gen yon ti jounal an kreyòl an Ayiti yo rele Boukan.

Li gen anpil bagay interesan pou moun ki pa konn pale franse e ki konn li kreyòl. Kon sa, yo aprann anpil bagay ke yo pa-t konnen, tankou istwa peyi yo, ak istwa lòt peyi. Avèk Boukan, sè tout tan moun ap aprann yon lòt bagay pou li viv pi byen.

Yo di-m fò m-al wè Kwa Bosal.
Yo di touris yo pa y-al wè
Kwa Bosal.

7. Basic sentence:

M pa gen lide ale ak ou.
bwè kokoye-a
li liv istwa-a
ale ak chofeù-a
manje jodi-a
ale an oto
dòmi ak Jan
rekòmanse travay la
ale Bisantnè
vizite Mache an Fè-a
pran baton mwen
ale a pye

M pa gen lide ale ak ou.
M pa gen lide bwè kokoye-a.

8. Basic sentence:

Solèy la cho anpil wi
 jodi-a.
 ou manje
 kabrit chè
 manje-a boule
 m dekouraje
 pitit ou-a li
 nou inkyete nou
 ti-moun yo danse
 ravi-n nan debòde
 malad la esoufle
 van an soufle
 nou naje

Solèy la cho anpil wi
 jodi-a.
Ou manje anpil wi jodi-a.

9. Basic sentence:

Pa inkyete ou, m pa peù solèy.
 n-a jwenn poul la
 gason an va pote-l demen
 msye yo pap dekouraje
 etudiyen yo gen bonkou liv kreyòl
 pwason yo rive dela
 solèy la pa cho
 lapli pap tonbe
 larivyè-a pap debòde
 nou pa kapon
 dokteù-a ap vi-n touswit
 m-a dòmi atè-a

Pa inkyete ou, m pa peù solèy
 Pa inkyete ou, n-a jwenn poul la.

B. Grammar Exercises

1. Answer the following questions in the affirmative and then in the negative:

QUESTIONS

Ou poko manje?

Bòn nan fè kabann nan?

Solèy la leve?

Touris la vizite Bisantnè deja?

Mesye yo rekòmanse fè egzèsis?

Chèf seksyon an kenbe ti bway la?

Briz la leve?

Pitit Sese-a fèt?

Odonans la pran nòt pou lietnan an?

Kaporal la rasamble patrouy la?

Katye jeneral pran komunikasyon an?

Nou nan mwatye rout la?

RESPONSES

Wi, m manje deja.

Non, m poko manje.

Wi, li fè kabann nan deja.

Non, li poko fè kabann nan.

2. Put the following sentences in the negative, using the pattern

... pa ... pi ... pase sa:

AFFIRMATIVE

M rete lwen.

Sechrès la rèd ane sa-a

Ti-moun yo prese rive lekòl. .

Pitit ou yo dòmi.

Nou repoze nou yè maten.

Ladwann nan yo verifiye bagay yo.

Kay la gen yon bèl roteù.

Mesye sa yo gen lespri.

Nou konn istwa peyi-a.

Gad la suveye nèg la.

Ou gen rezon.

Lalign nan chaje koulyè-a.

NEGATIVE

M pa rete pi lwen pase sa.

Sechrès la pa pi rèd pase sa ane sa-a.

3. Add *manke* to the following sentences:

CUES

Sèjan an pa tounen sòt an patrouy.

Kontroleù-a wè ronm
nan nan valiz mwen.

Semèn pase-a n-al O Kap.

Chofeu lalign lan pase sou madanm nan.

Lougarou pran nèg la.

Chèf seksyon an pa kenbe asasen an.

Msye-a boule kay la ak sigarèt la.

Siklòn nan pase sou Ayiti.

Ti-moun yo pa rive legliz la.

Papa-m pèdu lavi-l nan bagay sa-a.

Ti fi-a kenbe chwal la.

Chat la manje vyann ki sou tab la.

STUDENTS

Sèjan an manke pa tounen sot an
patrouy.

Kontroleù-a manke wè ronm
nan nan valiz mwen.

4. Make complete sentences with *sòf* and the following pairs of sentences.

SENTENCES

Tout ti-moun yo manje.

Pitit fi ou la pa manje.

Nou dakò. Ou-menm
ou pa dakò.

Pèsonn pa janm kontan.

Tijo kontan.

Leù nou tande bri-a tout moun kouri.

M pa kouri.

Yo mete ti msye yo nan prizon.

Yo pa mete pitit Sese-a.

Yo tout monte abò.

Sa ki te peù yo pa monte.

Touris yo pase ka Ja-n Babankou.

Makdonal pa pase.

Pèsonn pa achte likeù.

Mwen-menm m-achte likeù.

Tout moun pral fè vakans Kenskòf.

Andre pa prale.

Tout moun esoufle.

Anplwaye Pann Amerikann nan pa esoufle.

Nou tout t-al pran van sou galri-a.

Manman-m pa t-ale.

SENTENCES WITH *sòf*

Tout ti-moun yo manje sòf
pitit fi ou la.

Nou daka sòf ou-menm.

5. Give commands using *piga* with the following cues

CUES

Ti-moun yo ap jwe nan tè-a
 Li rekòmanse fè bri nan tèt mwen.
 Anita ap dekouraje Mari.
 Ti gason an kenbe dife-a ak men ni.
 Mesye yo ap bay manti la-a.
 Ti fi-a pran dlo nan rivyè-a a leù sa-a.
 Yo kite malad la leve.
 Ti mesye yo ap goumen ak kouto.
 Pòl dòmi atè-a.
 Nou pral andeyò aswè-a.
 Ti gason an ap bwè ronm la-a.
 Ou kole zepòl ou sou mwen.

COMMANDS WITH *piga*

Piga jwe nan tè-a, ti-moun
Piga rekòmanse fè bri nan tèt mwen.

C. Translation

- | | |
|---|--|
| <p>1. I discouraged the man from visiting a lot of places.</p> <p>2. As for getting up early, she's a woman who loves it.</p> <p>3. In Port-au-Prince itself you can visit the Legislative Palace, National Palace, Croix des Bossales Market, all those places.</p> <p>4. Watch out that the sun doesn't burn you!</p> <p>5. I'm from California, and, I'm not afraid of the sun.</p> <p>6. Finally he arrived on the top of the mountain out of breath.</p> <p>7. I intend to go to Haiti to spend my vacation.</p> <p>8. Do you need something?</p> <p>9. If you're a coward, don't come with us.</p> <p>10. The men are reading an interesting book on Haite.</p> | <p>M dekouraje nonm nan ale wè anpil kote.</p> <p>Ala boneù, madanm nan renmen leve boneù!</p> <p>Nan Pòtoprens menm ou kab vizite Palè Lejislatif, Palè Nasyonal, mache Kwa Bosal, tout kote sa yo.</p> <p>Piga solèy la boule ou!</p> <p>Mwen fèt an Kalifani e m pa peù solèy.</p> <p>Bout pou bout, (anfen) li rive anro man nan esoufle.</p> <p>M gen lide ale an Ayiti pou pase vakans.</p> <p>Ou bezwen kichòy? (yon bagay?)</p> <p>Si ou kapon, pa (piga) vi-n ak nou.</p> <p>Msye yo ap li yon liv interesan sou Ayiti.</p> |
|---|--|

IV. LEKTU

"Larouze fè banda tout tan solèy pa leve."

Te genyen yon nèg O Kap ki te gen reputasyon nèg ki brav anpil. Tout moun te kwè sa sòf madanm ni ki te konnen ke msye te kapon tankou chat. Nou konnen, 'Sa ki dòmi ak Jan, se li ki konn ronf Jan.'

Gen yon swa, chaleu mwa d-ou te fi-n debòde nan peyi-a. Msye ale pran van sou plas katedral O Kap. Vè uneu du maten kon sa, ti briz kòmanse vante. Msye decide tounen lakay li pou al dòmi. Li pa te rete pi lwen pase sa. Se anba ravi-n nan kay li ye.

Msye te toujou gen yon baton chaplèt nan men ni. Atò, pandan l-ap mache pou li ale lakay li-a, li tande tankou yon bri dèyè li. Li vire li pa wè pèsonn; li tounen, li pa wè pèsonn. Li kontinue mache, men, bri-a te la toujou. On dirè yon moun k-ap mache dèyè li. Kou li rete, bri-a rete tou. Kou li rekòmanse mache, bri-a rekòmanse fèt ankò. Epi, se kon sa lapeu pran ni. Alò, li voye yon kou d-baton, vlip! Li voye yon lòt kou d-baton ankò vlip! O, O! Se van ki trape kou d-baton yo. Bout pou bout, lapeu pran msye tout bon, li pete yon kous kouri. Li kouri, li kouri, li kouri, li kouri, li kouri, li kouri. Leu li rive lakay li, madanm ni mande-l sa ki fè li esoufle kon sa. Li di se yon lougarou ki manke kenbe li. Provèb la di vre: 'Larouze fè banda tout tan solèy pa leve.'

Notes on the Reading

Pete.

Literally 'to explode'. Here it indicates the suddenness with which our hero started to run.

Kous kouri. 'A race being run'.

This phrase, together with *pete* and the subsequent repetition of *kouri*, is used to convey more vividly the action of running.

Lougarou.

Supernatural being that takes the form of an animal and devours people at night.

Kestyon

1. Ki reputasyon nèg la genyen?
2. Tout moun kwè ke li brav?
3. Madanm ni kwè ke li brav tankou chen?
4. Ki mwa li te ye?
5. Sa ki fi-n debòde nan peyi-a?

6. Pou ki sa msye-a sòti lakay li?
7. Ki kote li ale pou pran van?
8. A ki leù ti briz te kòmanse ap vante?
9. Ki sa msye deside leù sa-a?
10. Lakay li te lwen ak plas katedral la?

11. Li te rete pi lwen pase sa?
12. Ki sa nèg la te gen nan men ni?
13. Sa ki rive leù li t-ap mache pou li tounen lakay li?
14. Sa li fè leù li tande bri-a?
15. Ki moun li wè dèyè li?

16. Bri-a rete leù li kontinue mache?
17. Tout tan l-ap mache-a ki sa li fè?
18. Sa ki rive leù li rete?
19. Sa li fè leù lapeù-a pran ni?
20. Leù li rive lakay li, ki sa madanm ni mande li?

21. Ou brav ou byen ou kapon?
22. Tankou ki bèt yo di yon moun kapon?
23. Ki moun ki te konn msye byen?
24. Pou ki sa?
25. Nou rete lwen ak isit?

26. Lè yon moun voye yon kou d-baton, ki sa li fè?
27. Pou ki sa msye-a te pete yon kous kouri?
28. Pou ki leù msye voye kou d-baton an li pa pran pèsonn?
29. Ki sa msye te reponn madanm ni?
30. Selon provèb la, ki leù larouze fè banda?

V. GRAMMAR NOTES

***Piga, pi-nga*, 'don't', 'be careful', 'watch out'**

- A. Like *fô/fôk*, *annou/an-n*, *apa*, etc., the verb *piga/pi-nga* dominates another clause. It is used to admonish, to warn someone.

Piga is by itself a negative verb to express forbiddance and interdiction.

Piga (ou) tue dife-a.

Don't (you) extinguish the fire.

When followed by the pronoun plus the negative particle *pa*, *piga* becomes a strong positive compulsion or recommendation that something should be done.

Piga ou pa vini.

You better come. Be sure to come.

- B. With or without the addition of negative *pa*, *piga/pi-nga*, also sometimes simply expresses an apprehension or the fear that something does or doesn't happen, depending on the intonation.

Piga li fê yon aksidan, non.

I hope he doesn't have an accident.

or

May God prevent that he has an accident.

Piga yo pa rive a tan, non.

I hope they arrive in time.

or

God help they arrive in time.

VI. VOCABULARY

anfen, adv.	at last, finally
atò, adv.	then, so
banda, adj.	elegant, lofty, haughty
baton chaplèt, n.	heavy stick made of knotty wood
bisantnè, n.	bicentennial
bwi, n.	noise
boule, brile, brule, v.	to burn
bout, n.	end, part, extremity
bout pou bout, adv.	finally, at last
brav, adj.	brave, courageous
brile, brule, boule, v.	to burn
briz, n.	breeze
brule, boule, brile, v.	to burn
chaplèt, chaple, n.	streng of rosary beads
chat, n.	cat
debòde, v.	to rise above normal/limit, to overflow
dekouraje, v.	to discourage
esoufle, adj.	panting, out of breath
fè, n.	iron
fè banda, v.	to show off, to display haughtiness
fèt, adj.	made, born, done
ide, lide, n.	idea, intention
inkyete, v.	to worry
inkonu, adj.	unknown
interesan, adj.	interesting
kapon, n.	coward
kichòy, kèk chòz, ind. pr.	something
kenbe, v.	to catch, to hold
kou, n.	blow (strike a)
kwa, n.	cross, crucifix
kous, n.	race (contest)

lapeù, lapè, n.	fear
lapèrèz, n.	fear (used in north)
larouze, n.	dew
lide, ide, n.	idea, intention
lougarou, n.	werewolf
manke, v.; adv.	to come near, to be within an inch of, to be on the point of, almost
nasyonal, adj.	national
on dirè, v. phr.	it seems, one would say (think), it looks like
palè, n.	palace
pete, v.	to explode, to burst out with
piga, pi-nga, v.	be careful, watch out!, don't (with following verb compound)
plas, n.	square
pran, v.	to be fooled, to be caught
pran van, v. phr.	to get a breath of fresh air
ravi-n, n.	ravine
rekòmanse, v.	to begin again
reputasyon, n.	reputation
ronf, v.	snore
sitou, sutou, adv.	especially, particularly
sòf, prep.	except
souf, n.	breath
statu, n.	statue
sutou, sitou, adv.	especially, particularly
tan, n.	time
teat, teyat, n.	theatre
vlip!	onomatopoeia used to indicate the swishing of a stick

Proverbs

Larouze fê banda tout tan solèy pa leve.

The true test is in the doing.

(The dew shows off so long as [lit.,all the time that] the sun has not come up).

Sa ki dòmi ak Jan se li ki konn ronf Jan.

To know someone extremely well.

(The one who sleeps with John is the one who knows his snoring).

Place Names

Dominikani

Dominican Republic

Kalifòni

California

Kanada

Canada

Kuba

Cuba

La Gwadeloup

Guadalupe

La Martinik

Martinique

Le Meksik

Mexico

Mè dè Karaib

Caribbean Sea

Meksik

Mexico

Zanti, Zantiy

Antilles Islands

LESSON 29

BREAKFAST

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute, men pa repete:

Si mwen wè yon ti-moun ap fè yon bagay li pa pou fè, m ka di li: Pa fè sa. Men li pi fò si m di li: Piga fè sa.

Repete: Piga fè sa.
Piga ou jwe nan dlo-a.

B. Replace *pa* with *piga* in the following sentences:

SENTENCES

Pa kite chat la manje manje-a.
Pa jete lèt la, ban-m bwè-l.
Pa okupe sa lòt moun ap fe.
Pa fè bri ak pòt la.
Pa manke legliz jodi-a.
Pa chita bò pòt la.
Pa voye chen an manje kabrit la.
Pa al sou plas la anba lapli-a.
Pa ale Kwa Bosal jodi-a, gen lapli.
Pa manje patat la, li boule.
Pa jwe ak dufeu.
Pa kite duri-a la-a, y-a manje-l.

RESPONSES

Piga kite chat la manje manje-a.
Piga jete lèt la, ban-m bwè-l.

C. Koute pa repete

Chak jou, nou gen yon lòt leson. Jodi-a nou fèk kòmanse leson 29. Se yon leson fasil. Men se pou nou etudye li tankou tout lòt leson yo. Se pou nou etudye rèd pou nou ka pale kreyòl byen.

Repete: Se pou nou etudye tout leson yo ban nou an.

D. Substitute *nou* in the following sentence with the given cues. Make the necessary changes:

Se pou nou etudye tout leson yo ban nou an.

CUES

STUDENTS

mwen

Se pou-m etudye tout leson
yo ban mwen an.

gran nèg yo

Se pou gran nèg yo etudye
tout leson yo ba yo-a.

aveùg la

ou

bway la

nou

sivil yo

bosu-a

mwen

gad yo

nonm nan

mesye yo

E. Koute pa repete:

1. Mwen se yon profeseù. M sòti an Ayiti. M kapab mete tou de fraz sa yo ansanm pou-m fè yon grenn fraz: M se yon profeseu ki sòti an Ayiti.
2. Nou pran manje-a. Ban-m manje-a. Gen de jan m kapab fè fraz sa yo fè youn.
 - a. Ban-m manje nou pran an. (ou byen)
 - b. Ban-m manje ke nou pran an.

Yo vle di menm bagay la.

3. M-ap kenbe ti gason an. Ti gason an pa-pou sòti.

Lè m met tou le de fraz yo ansanm m genyen:

M-ap kenbe ti gason an pou li pa sòti.

4. M-ap fè sa-a. Ou pa okupe sa-a.

Tou le de fraz yo kole ansanm ban mwen.

Ou pa okupe sa m-ap fè-a.

Donk nou wè, gen anpil jan nou ka fè de fraz fè yon sèl.

F. Koul ye-a repete:

M se yon ameriken ki konn pale kreyòl. Ban-m manje nou pran an. Ban-m manje ke nou pran an. M-ap sere liv mwen yo pou yo pa vòlò yo. Koute sa l-ap di ou.

G. M-ap ban nou de fraz. Fè yo fè yon grenn avèk ki, kon sa:

CUES

Li ban-m yon pyas.
Pyas la pa bon.

Profeseù-a ban nou yon liv.
Liv la difisil.

On dirè ti gason an ap manje yon duri.
Duri-a boule.

Msye-a wè yon lougarou.
Lougarou a manke kenbe li.

Ti fi-a ap achte yon lunèt.
Lunèt la pa bon pou li.

Ou ap fè yon bagay.
Bagay la pa interesan.

Nou rekòmanse yon lektu.
Lektu-a difisil.

N-ap pran yon mezu.
Mezu-a pako nesesè.

STUDENTS

Li ban-m yon pyas ki pa bon.

Profeseù-a ban nou yon liv ki difisil.

Nèg la al pran van sou plas la.
Plas la devan legliz katolik la.

L-ap gade yon nèg.
Nèg la ap fè banda.

Sèjan an bay gad la yon grenad.
Grenad la pete nan men ni.

Yè yo suprann nèg la.
Nèg la t-ap vòlè bwèson.

H. Koulye-a nou pral fè de fraz yo fè youn avèk *ke*. Men, anvan sa, m ta renmen nou fè yo fè youn san mete anyen, kon sa:

CUES

Yo mande ti fi-a fè
yon bagay.
Ti fi-a pa renmen bagay la.

Nou etudye yon leson.
Nou pa konprann leson an.

Li okupe pye bwa yo
Yo ba li pye bwa yo yè.

Malad la pa vle pran medikaman an.
Dokteù-a ba li medikaman an.

M konprann lektu-a.
Profeseù-a li lektu-a.

Msye-a moute chwal la.
Yo ba li chwal la.

Etudiyen yo pa ka fè travay la.
Ou ba yo travay la.

Fò-m manje poul la.
Madanm mwen boule poul la.

SENTENCES

Yo mande ti fi-a fè yon
bagay li pa renmen.
Yo mande ti fi-a fè yon
bagay ke li pa renmen.
Nou etudye yon leson nou
pa konprann.
Nou etudye yon leson ke
nou pa konprann.

Li fè konesans ti fi-a.
Li rankontre ti fi-a yè swa.

M pran chat la.
M renmen chat la.

Yo lage nèg la.
Yo te mete nèg la nan prizon.

Li ban-m chaple-a.
Li te jwenn chaple-a.

I. Fè de fraz sa yo fè youn ak *pou*, kon sa:

CUES

Profeseù-a montre li leson an.
Li etudye leson an

Madanm nan kraze boutèy la.
Msye-a pa bwè tròp.

Ti gason an pote bwason yo.
Nou bwè bwason yo.

Manman ou bay ti-moun yo yon poul antye.
Yo manje poul la.

Papa a bat pitit la.
Pitit la pa bay manti anko.

Nou desann lavil a pye.
Nou fè banda.

Madanm nan bay ti fi-a papay la.
Li fè ji avè-l.

M bay pitit gason-m nan yon fizi.
Pitit gason-m nan ka touye kabrit la.

SENTENCES

Profeseù-a montre li leson
pou li etudye-a.

Madanm nan kraze boutèy
la pou msye-a pa bwè trop.

Nou ba yo yon bon travay.
Yo kapab renmen ni.

Ti bway la sonnen klòch la.
Tout moun vi-n legliz.

Gad yo apiye kròs fizi-a sou figi yo.
Gad yo ka vize byen.

Chofeu a mennen Makdonal kay Babankou.
Makdonal goute ronm Babankou.

J. Menm ekzèsis; men, fwa sa-a se avèk sa. (Be careful to select the right noun marker at the end of the sentences.)

CUES

Li manje sa-a.
Se sa-a ki rete.

Profeseu-a montre ou sa-a.
Ou ap chèche sa-a.

Nou di yo fè sa-a.
Yo te vle fè sa-a.

M rasanble sa-a.
M pa te bezwen sa-a.

Yo rekòmanse sa-a.
Profeseu-a te di yo rekòmanse sa-a.

Nou resevwa sa-a.
Nou te kòmande sa-a.

Li tande sa-a.
Yo pa te vle li konn sa-a.

Mesye yo voye sa-a.
Yo te mande yo sa-a.

STUDENTS

Li manje sa ki rete-a.

Profeseu-a montre ou sa
ou ap chèche-a.

M repete sa-a.
Profeseù-a te di sa-a.

Ou tande sa-a.
Ti bway la tap fè sa-a.

Nou pèdu sa-a.
Manman nou te ban nou sa-a.

M kwè sa-a.
Li di ou sa-a.

K. Koute pa repete:

Kòman ou pral fè la-a pou lajan an?
Monchè pa inkyete ou, m-ap toujou jwenn kichòy.

Pitit mwen an malad. Dokteù pa ka wè ki maladi li genyen.
Sa inkyete-m anpil. Tout moun inkyete yo pou pitit yo leù yo malad.

Koulye-a repete:

Pa inkyete ou, m-ap toujou jwenn kichòy.
Sa inkyete-m anpil. Tout moun inkyete yo pou pitit yo.

L. Substitute the first word of the following sentence with the cues, and make the necessary changes.

Asèn inkyete li pou pitit li.

CUES

nou
medam yo
ti fi-a
etudiyàn yo
mwen
Pòl
nou
kanmarad la
ou
mwen
profèsèu-a

STUDENTS

N-inkyete nou pou pitit nou.
Medam yo inkyete yo pou pitit yo.

II. DIALOGUE

Breakfast

Mr. MacDonald goes down to get his breakfast. He's talking with the hotel waiter.

MacDonald: What kind of juice is this?

Waiter: It's grapefruit juice, Mr. MacDonald.

MacDonald: It looks like orange juice. Don't you have papaya?

Waiter: Of course we have papaya juice.

MacDonald: I don't want papaya juice. I want the papaya itself to eat.

Waiter: I'm sorry about that, Mr. MacDonald. There isn't any more papaya. The cook made juice with all of them.

MacDonald: It's too bad. I sure could eat a piece of papaya right now!

Waiter: Give me twenty kòb. I'll buy one for you tomorrow.

MacDonald: Here are the twenty kòb. Buy one that has ripened on the tree.

Waiter: Don't worry. Everything will be taken care of.

MacDonald: What else is there to eat?





Waiter: There are eggs, toast, coffee, chocolate.

MacDonald: Are there the same things every day?

Waiter: Oh, no, Mr. MacDonald! At times they do serve cassava, fish, avocados, plantain. It depends on the people's taste. They can serve you American food if you want.

MacDonald: No. I'd rather eat Haitian food.

Waiter: Well then, you won't regret it, because it's good.



Dejene

Msye Makdonal desann pou li pran dejene li. L-ap pale ak gason otèl la.

Makdonal: Ki ji sa-a ye?

Gason: Se ji chadèk, msye Makdonal.

Makdonal: Li sanble ji zoranj. Nou pa gen papay?

Gason: Men wi nou gen ji papay.

Makdonal: Se pa ji papay m vle. M vle papay la menm pou-m manje.

Gason: M regrèt sa, Msye Makdonal. Nan pwen papay ankò. Yo fè ji ak tout.

Makdonal: Se domaj. Ala m ta manje yon moso papay kounyè-a!

Gason: Ban-m ven kòb. M-av-achte youn pou ou demen.

Makdonal: Men ven kòb la. Achte youn ki byen mi sou pye.

Gason: Ou pa bezwen inkyete ou. Tout afè ou ap regle.

Makdonal: Sa ki gen pou manje ankò?

Gason: Gen zeu, pen griye, kafe, chokola.

Makdonal: Se menm bagay la ki gen tou le jou?

Gason: O non! msye Makdonal. Gen de leù yo konn sèvi kasav, pwason, zaboka, bannann. Sa depann de gou moun yo. Yo ka sèvi ou manje ameriken si ou vle.

Makdonal: Non. M pito manje manje ayisyen.

Gason: En ben, ou pap regrèt sa, paske li bon.

Dialogue Buildup

dejene li
 pou li pran dejene li
 Msye Makdonal desann pou
 li pran dejene li.

his breakfast
 to get his breakfast
 Mr. MacDonald goes down
 to get his breakfast.

gason otèl la
 L-ap pale ak gason otèl la.

the hotel waiter
 He's talking with the hotel waiter.

Ki ji sa-a ye?

What kind of juice is this?

ji chadèk
 Se ji chadèk msye Makdonal.

grapefruit juice
 It's grapefruit juice, Mr. MacDonald.

ji zoranj
 Li sanble ji zoranj.

orange juice
 It looks like orange juice.

papay
 Nou pa gen papay?

papaya
 Don't you have papaya?

ji papay
 nou gen ji papay
 Men wi nou gen ji papay.

papaya juice
 we have papaya juice
 Of course we have papaya juice.

Se pa ji papay m vle.

I don't want papaya juice.

pou-m manje
 papay la menm pou-m manje
 M vle papay la menm pou-m manje.

to eat
 the papaya itself to eat
 I want the papaya itself to eat.

M regrèt sa, msye Makdonal.

I'm sorry about that, Mr. MacDonald.

Nan pwen papay ankò.

There isn't any more papaya.

ak tout
 fè ji ak tout
 Yo fè ji ak tout.

with all
 made juice with all
 They made juice with all of them.

Se domaj.

It's too bad.

kounyè-a
 yon moso papay kounyè-a
 m ta manje yon moso papay
 kounyè-a
 Ala m ta manje yon moso
 papay kounyè-a!

Ban-m ven kòb.

demen
 pou ou demen
 M-av-achte youn pou ou demen.

Men ven kòb la.

sou pye
 ki byen mi sou pye
 Achte youn ki byen mi sou pye.

Ou pa bezwen inkyete ou.

Tout afè ou ap regle.

sa ki gen anko
 Sa ki gen pou manje ankò?

chokola
 kafe
 pen
 pen griye
 zeu
 Gen zeu, pen griye, kafe,
 chokola.

tou le jou
 ki gen tou le jou
 Se menm bagay la ki gen tou le jou?

O, non! msye Makdonal.

right now
 a piece of papaya right now
 I would eat a piece of papaya
 right now
 I sure could eat a piece
 of papaya right now!

Give me twenty kòb.

tomorrow
 for you tomorrow
 I'll buy one for you tomorrow.

Here are the twenty kòb.

on the tree
 that has ripened on the tree
 Buy one that has ripened on the tree.

Don't worry. (lit., You
 don't need to worry.)

Everything will be taken care of.

what else is there
 What else is there to eat?

chocolate
 coffee
 bread
 toast (grilled bread)
 egg
 There are eggs, toast, coffee,
 chocolate.

every day
 that there are every day
 Are there the same things everyday?

Oh, no, Mr. MacDonald!

bannann
 zaboka
 pwason
 kasav
 yo konn sèvi
 Gen de leù yo konn sèvi kasav,
 pwason, zaboka, bannann.

moun yo
 gou moun yo
 Sa depann de gou moun yo.

si ou vle
 manje ameriken si ou vle
 Yo ka sèvi ou manje àmeriken
 si ou vle.

manje ayisyen
 Non. M pito manje manje ayisyen.

li bon
 paske li bon
 ou pap regrèt sa
 En ben, ou pap regrèt sa,
 paske li bon.

plantain
 avocados
 fish
 cassava
 they do serve
 At times they do serve cassava,
 fish, avocados, plantain.

the people
 the people's taste
 It depends on the people's taste.

if you want
 American food, if you want
 They can serve you American food,
 if you want.

Haitian food
 No. I'd rather eat Haitian food.

it's good
 because it's good
 you will not regret it
 Well then, you won't regret it,
 because it's good.

Homework

Prepare a list of five Creole words with which to play "Password" in class tomorrow.

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 29 - B

A. Lexical Variation Exercises

1. Basic Sentence:

Se pa ji papay mwen vle.
ji zoranj
ji chadèk
zannanna
mango
ji papay
zaboka
melon
ji korosòl
ji grenadi-n

Se pa ji pap-ay mwen vle.
Se pa ji zoranj mwen vle.

2. Basic Sentence:

Ban-m ven kòb, m-av-achte
youn pou ou demen.
ven goud

ven dola
san pyas
swasant kòb
karant kòb
katòz goud
kat pyas
katreven kòb

Ban-m ven kòb, m-av-achte
youn pou ou demen.
Ban-m ven goud, m-av-achte
youn pou ou demen.

3. Basic Sentence:

Gen de leù yo konn menm sèvi zeu.
chokola
kasav ak zaboka

Gen de leù yo konn menm sèvi zeu
Gen de leù yo konn menm sèvi chokola.

kafe ak pen griye
 lam veritab
 pwason,
 moso papay
 ji grenadi-n
 zannanna antye
 yon ka melon
 ji kòròsòl
 malanga

4. Basic Sentence:

Sa depann de gou moun nan.
 sa yo vle
 bagay yo pito
 papa ak manman yo
 jan tan an ye
 sa ki genyen
 kantite kote ou vle wè
 sa yo bay
 manje yo sevi
 peyi nou ale
 sa yo sèvi isit
 manadjè otèl la

Sa depann de gou moun nan.
 Sa depann de sa yo vle.

5. Basic Sentence:

Sa ki gen ankò pou manje?
 bouyi
 dejene
 etudye fri
 kwit
 griye
 bwè
 toufe
 vòlè
 fè
 al pran

Sa ki gen ankò pou manje?
 Sa ki gen ankò pou bouyi?

6. Basic Sentence:

Mwen pito goute manje ayisyen.
zaboka mi an
yanm yo fèk pote-a
duri ak pwa kongo an sòs la
pen griye ak kafe ole
ji grenadi-n nan
bannann vèt bouyi-a
duri ak pwa rouj kole-a
ji kòròsòl la
dlo kokoye-a
pla nasyonal nou an
bannann mi fri-a

Mwen pito goute manje ayisyen.
Mwen pito goute zaboka mi an.

7. Basic Sentence:

Ou pa prese, ou gen tan.
chofeù-a
Jan
nou
sòlda yo
patrouy la
gad yo
mwen
ou
òdonans la
eskwad la
aveùg la

Ou pa prese, ou gen tan.
Chofeu-a pa prese, li gen tan.

B. Grammar Exercises

1. Reply to the following questions according to the cue indicated.

Ou konnen sa li vle? (wi)
Yo koute sa ou ap di yo? (wi)
Ou ba li sa li mande ou? (non)
Ou konn manje ke yo renmen? (non)
Msye-a manje sa yo ba li? (pa toujou)
Ou wè sa li te genyen nan men ni? (non)

Wi, m konnen sa li vle.
Wi, yo koute sa m-ap di yo.

2. Join the following sets of two sentences into a single complex sentence.

M te kwè.
Ou pa te pale kreyòl byen.

M te kwè ou pa te pale kreyòl byen.

Ou su?
M kab telefonnen isit.

Ou su (ke) m kab telefonnen isit?

Se gason otèl la.
L-ap tann ou.

Se yon otèl.
Li fè fre anpil.

Se premye fwa?
Ou ale Pòtoprens.

Gen de leù.
Yo konn sèvi duri ak pwa.

3. Embed the following sentences into the direct object of the main clause.

Se otèl la.
M renmen ni.

Se otèl ke m renmen an.

L-ap pòte valiz la.
Ou bliye li.

L-ap pòte valiz ke ou bliye-a.

Mwen wè reken an.
Yo sòt peche li.

Se yon bagay.
Yo di mwen bagay la.

Ou li depèch la?
Yo te voye depèch la ban mwen.

Yo manje papay la.
M te achte papay la.

Se pa jounalis la.
M te wè li nan aeropò-a.

Li pèdi zouti yo.
Konpè Toma te ban mwen zouti yo.

4. Change the following sentences by removing the relative pronoun *ke* and replacing *yon* with the definite noun marker at the end.

Se yon bagay ke yo di mwen.	Se bagay yo di-m nan.
Mwen wè yon reken ke yo sòt peche.	Mwen wè reken yo sòt peche-a.
Se yon otèl ke m renmen.	
Li pèdi yon zouti ke konpè Toma te ban-mwen.	
Ou li yon depèch ke yo te voye ban mwen?	
L-ap pòte yon valiz ke ou bliye.	
Se pa yon jounalis ke m te wè nan aeropo-a.	
Yo manje yon papay ke m te achte.	

5. Change the following to the comparative degree using *pi*.

Mwa sa-a cho.	Mwa sa-a <u>pi</u> cho
Manje ayisyen bon.	Manje ayisyen <u>pi</u> bon.
Reken yo peche-a gro.	
Fè gro lapli isit.	
Otèl sa-a bon epi li pa chè.	
Bagay an akajou yo bèl isit.	
Nan restoran Pedro-a, yo fè bon roma.	

6. Join the following sets of paired sentences into single sentences to indicate the appropriate comparison.

Li gran.	Mwen <u>pi</u> gran <u>pase</u> li.
Mwen pi gran.	

Yo pale kreyòl.	
Makdonal pale kreyòl pi byen.	Makdonal pale kreyòl <u>pi</u> byen <u>pase</u> yo.

Nan lòt restoran an yo sèvi bon pwason.
Nan restoran ou nan yo sèvi pi bon pwason.

Telefòn kay Bata-a su.
Telefòn biro telegraf la pi su.

Boutilye lwen.
Kenskòf pi lwen.

Pitit mwen an manteù.
Ti bway sa-a pi manteù

Mwen kouri vit.
Msye kouri pi vit.

Moun Pòtoprens konnen lavil la byen.
Makdonal kòmanse konnen lavil la pi byen.

C. Directed Statements and Questions

Ask if it's the first time I'm visiting the
United States.

Se premye fwa ou ap vizite
Lè Zetazini?

Ask if I'm going to take a little nap.

Ou pral fè yon ti dòmi?

Ask if it's the thing I bought this morning.

Se bagay ou achte maten an?

Ask if it's the taxi driver who speaks
French and English.

Se chofeù lalign ki pale
franse ak angle-a?

Say that it's a thing they told you
in Petionville.

Se yon bagay yo di-m
Petyonvil.

Say that it's not this camionette
which goes to Petionville.

Se pa kamyonèt sa-a ki
ale Petyonvil.

Say that he wants to take the car which
you rented.

Li vle pran oto (ke) m
lwe-a.

Say that he has just drunk the papaya
juice you made.

Li fèk bwè ji papay (ke)
m te fè-a.

D. Translation

- | | |
|--|---|
| 1. The waiter walks to the hotel to get his breakfast. | Gason an ale a pye nan otèl la pou pran ti dejene li. |
| 2. What is that? Is it a piece of papaya? | Sa sa ye sa? Se yon mòso papay? |
| 3. There are eggs, toast, coffee and juice. | Genyen zeu, pen griye, kafe, ak ji. |
| 4. Is that what they serve here every day? | Se sa yo sèvi isit tou le jou? |
| 5. It usually depends on the person's taste. | Sa konn depann de gou moun nan. |
| 6. I prefer to eat only Haitian food. | M pito manje manje ayisyen seùlman. |
| 7. Don't worry; I'm not in a hurry. | Pa inkyete ou; m pa prese. |
| 8. Do you know what he took? | Ou konnen (ki) sa li pran? |
| 9. Do you know what made that noise? | Ou konnen (ki) sa ki fè bri sa-a? |
| 10. I have what they need. | M genyen sa yo bezwen an. |
| 11. He always used to make what I liked to eat. | Li te toujou konn fè sa m te renmen manje. |
| 12. I don't know what there is. | M pa konnen (ki) sa ki genyen. |
| 13. Is that the baggage you have? | Se bagaj ou genyen sa? |
| 14. Listen to what I'm telling you. | Koute sa m-ap di ou. |
| 15. You must not listen to what he says | Fò ou pa koute sa li di. |

IV. LEKTU

Manje an Ayiti

Gen anpil bagay yo manje lan peyi tropikal ke anpil ameriken pa konnen. Par ekzanp, bannann se youn ladan yo. Leù ou jwenn bannann pou achte O Zetazini, se nan lòt peyi li sòti, e se moun ki konnen ni seùlman ki va achte li. Ou ka jwenn bannann de jan, vèt ou mi. Pou bannann nan vi-n mi, se pou yo kite-l rete lontan sou pye-a, ou byen se pou yo toufe-l, si li pa-t gen tan mi sou pye. Yo toufe bannann menm jan yo toufe nenpòt ki fwi ki pa mi, sètadi se pou yo mete-l yon kote ki cho, ki byen fèmin pou lè pa antre, epi pou yo kouvri li. Men si pou yon bannann vi-n byen mi, fo ou te kite li gen tan rèk sou pye anvan ou koupe-l. Si li pa te rèk sou pye, bannann nan ka pito pouri pase li vi-n mi.

Bannann sanble ak fig-bannann anpil, men se pa menm bagay. Fig-bannann pa bezwen kwit pou manje-l. Men, fò ou kwit bannann nan. Gen anpil jan pou kwit bannann. Ou ka bouyi yo, ou ka fri yo, vèt ou mi. Bannann ak roma se bon bagay.

Gen yon lòt fwi yo rele lam veritab. Se pou li kwit tou pou manje-l. Ou ka manje-l ak vyann beùf, pwason ou byen poul. Pye lam veritab se yon grò pye bwa. Gen lòt bagay ankò yo konn manje ak vyann, men se pa fwi tankou bannann ak lam. Se nan tè-a menm yo soti tankou yanm, manyòk, patat, epi malanga. Men se viv yo rele tout an Ayiti, ni sa yo pran sou branch yo, ni sa yo pran nan tè-a. Ayisyen manje yo anpil. Se sa ki fè yo viv. Leù ti-moun ki pral lekòl gen anpil leson, se pou yo manje anpil viv k-a ba yo fòs pou etidye rèd.

An Ayiti, yon repa ki pa gen viv a duri ak pwa, se pa yon manje ayisyen. Leù duri-a kwit seùl se duri blan pla-a rele. Li trè bon pou manje avèk sòs pwa ou byen sòs vyann, poul ou pwason. Lè pwa-a pa kwit ak duri-a, yo rele li pwa sòs ou pwa an sòs. Souvan yo konn kwit duri-a kole ak pwa-a. Sa vle di ke yo mele ansanm, yo kwit ansanm. Nenpòt ki pwa kab kwit kole ak duri: pwa rouj, pwa kongo, pwa nwa ak anpil lòt kalite pwa. Men se duri kole ak pwa rouj ki veritab pla nasyonal ayisyen.

Kestyon

1. De ki sa yo pale nan lektu-a?
2. Se tout manje yo manje an Ayiti ke yo manje O Zetazini?
3. Bannann se manje peyi ki fè frèt?
4. Nòu ka achte bannann O Zetazini?
5. Se la yo fè yo?

6. Ki kote bannann sa yo soti?
7. Ki moun ki achte bannann O Zetazini?
8. Leù yon bannann rete sou pye lontan, li toujou rete vèt?
9. Eske se sou pye seùlman yon bannann ka mi?
10. Kòman yo rele sa?

11. Sa sa vle di toufe yon fwi?
12. Ki lòt fwi ou konnen yo ka toufe?
13. Se tout fwi ou toufe ki ka vi-n mi?
14. Pou ki sa?
15. Kòman yo rele lòt fwi ki sanble ak bannann nan?

16. Kouman yon moun kab kwit bannann?
17. On konn manje bannann deja?
18. De ki lòt fwi yo pale nan lektu-a pou ou kwit pou manje-l?
19. Ki lòt bagay yo konn manje ak vyann an Ayiti?
20. Se sou branch pye bwa yo jwenn malanga, patat, yanm ak manyòk?

21. Kòman yo rele tout bagay sa yo, yo konn manje ak vyann nan?
22. Ayisyen manje anpil viv?
23. Ki viv nou konn manje deja?
24. Eske sa Ayisyen rele yanm se menm bagay ak sa ameriken rele yanm?
25. Se pou ti-moun k-ap etudye rèd manje anpil viv?

26. Ki sa viv bay ti-moun sa yo?
27. Yo bay ti-moun anpil leson an Ayiti?
28. Ki sa pou ou wè sou tab pou ou konnen se manje ayisyen?
29. Kòman ou rele duri-a lè li kwit seùl?
30. E lè pwa-a kwit seùl, kouman li rele?

31. Leù pwa ak duri-a kwit ansanm ki sa yo di?
32. Nou konn manje duri kole a pwa deja?
33. Ki pwa nou konnen?
34. Nou ka jwenn pwa sa yo O Zetazini?
35. Kòman yo rele pla nasyonal ayisyen yo?

V. GRAMMAR NOTES

A. Complex Sentences

1. We have presented three ways of embedding one sentence into another in Creole (see Grammar Notes, L.17); with the relatives *ki* or *ke*, or by simple juxtaposition.

Another way to introduce subordinate clauses is with the conjunction *pou*. It connects the subordinate sentence expressing the purpose of the main sentence.

Ki kote m ka jwenn yon restoran?	Where can I find a restaurant?
M-a manje nan restoran an.	I'll eat in the restaurant.
Ki kote m ka jwenn yon restoran pou-m manje?	Where can I find a restaurant (for me) to eat?
M pa gen tan.	I have no time.
M pa fè travay la.	I didn't do the work.
M pa gen tan pou-m fè travay la.	I don't have time <u>to</u> do the work.

2. Another type of juxtaposition is when the embedded sentence modifies the main clause direct object *sa*.

M konn sa.	I know that.
Yo vle sa.	They want that
M konn <u>sa</u> yo vle.	I know <u>what</u> (that which) they want.

Note that in Creole, *sa* is equivalent to English 'what' and 'that which'.

B. Comparative

1. We have seen also that the comparative degree of adjectives is expressed in Creole by the adverbs *pi* (more) and *mwen* (less)- See Grammar Notes L.17, 19, and 23.

The comparative degree may also be used with adverbs and with adverbial complements:

Ou kouri <u>mwen vit</u> pase mwen.	You run <u>less fast</u> than I.
Se pou nou rive <u>pi vit</u> .	We must arrive <u>faster</u> .
Li <u>pi byen</u> pase ou.	He's (she's) <u>better</u> than you.
Kite-m mache <u>pi devan</u> .	Let me walk <u>farther ahead</u> .

Notice that when *pi* or *mwen* modifies an adverb or an adverbial complement, the adverbs that indicate the degree of comparison take the same place as the adjective in the regular pattern:

Subject + *pi* + adjective/adverb + *pase* + Object

Li pi <u>bon</u> pase ou.	He's better than you.
Li pi <u>byen</u> pase ou.	He's better than you.

C. *De* 'some'

1. *De* is the survival in Creole of the French plural indefinite article "des" 'some'. Most of the time, however, its use is optional; in Creole, as in English, it may often be omitted.

Gen (de) moun ki renmen lapli.	There are (some) people who like rain./Some people like rain.
Yo pa toujou jwenn(de) misyonè tankou ou.	They have not always had missionaries like you.

2. With *leù*, *lè* and *fwa* (meaning 'times'), *de* is not omitted.

Gen <u>de leù/lè</u> pa gen moun nan kay la.	There are <u>times</u> when there is no person in the house.
Gen <u>de fwa</u> li rive pi boneù.	There are <u>times</u> when he arrives earlier.

3. In front of a vowel *de* becomes *dez/dèz* for a linking purpose.

Gen <u>dez-òm</u> (dezòm/ dez-òm) ki pa renmen travay.	There are men who don't like to work.
---	--

VI. VOCABULARY

bana-n, bannann, n. bouyi, v.	plantain to boil
chadèk, chadèt, n. chokola, n.	grapefruit chocolate
de lè, de leù, de fwa, n. dejeune, dejene, ti dejene, n. dine, n.; v. domaj, n.; adj.	times breakfast dinner; to dine pity; too bad
ekzanp, egzannp, n. etudye, v.	example to study
fig, fig bannann, n. fwi, frui, n. fri, v. frui, fwi, n.	banana fruit to fry fruit
gou, n. grenadi-n, n. griye, v.; adj.	taste, preference tropical fruit to grill, to roast, to toast; grilled, roasted, toasted
hèk, rèk, adj.	stage of ripeness or maturity although not ripe yet
ji, n.	juice
kafe, n. kasav, n. kòròsòl, n. kouche, v. kraze, v. kwit, v.	coffee cassava guanabana, soursop (tropical fruit) to go to bed, to lie to crush, to run over, to break to cook, to bake

lam veritab, n. leson, n.	breadfruit (tropical fruit) lesson
malanga, n. mango, n. manyòk, n. melon, n. mi, adj.	tropical tuber, (yautia) mango yucca, manioc (tropical plant) melon, watermelon ripe
ni... ni, conj.	both... and (used in a series rather than <i>e</i> or <i>ak</i>)
papay, n. par ekzanp, par egzanp, adv. pen, n. pla, n. pouri, v.; adj.	papaya (tropical fruit) for example, for instance bread dish to rot; rotten
rèk, hèk, adj.	stage of ripeness or maturity, although not ripe yet
repa, n.	meal
sètadi, exp. sòs, n. suk, n.	that means, that is to say sauce, gravy sugar
toufe, v.; adj. tropikal, adj.	to store, to ripen; ripening tropical
veritab, adj. vèt, adj. viv, n. vle di, v. phr. vòlè, vòlò, n.; v. voleù, n.	true, veritable, real green, not ripe starch food (vegetable, fruit) to mean thief, robber; to steal thief, robber
yanm, n.	kind of tuber found in the tropics
zaboka, n. zannanna, n. ze, n. zoranj, n.	avocado pineapple egg orange

LESSON 30

REVIEW

I. ORAL REVIEW OF LESSONS 26 AND 27

A. Put the following sentences in the past tense using *yè* and *te*:

PRESENT

PAST

Maten an m bouyi chadèk yo boneù.

Yè maten m te bouyi chadèk yo boneù.

Aswè-a nou pral pronmnen Bisantrè.

Yè swa nou te al pronmnen Bisantrè.

A midi, lè solèy va cho, m-a louvri kay la.

Maten an ti-moun yo manje kasav griye ak zaboka.

Apremidi-a, lè m-a rantre, m-a etudye.

Demen, Toma va fè tèt li a sizeù pou-l soti boneù.

Jodi-a, m pral bwè ji papay nan restoran.

Maten an, m-etudye leson-m anvan m sòti.

Ti Andre pral gade ploton an fè ekzèsis.

Se demen apre midi m-a rekòmanse toufe bannann.

An midi-a n-a manje duri kole ak pwa.

On dirè jodi-a m pa wè pitit fi Aníta-a.

B. Answer the following questions by using *O kontrè* and the cues:

CUES

ANSWERS

On dirè manje-a pa byen kwit? (boule) O kontrè, manje-a boule.

Eske se monte li t-ap monte? (desann) Non, o kontrè, se desann li t-ap desann.

Yè te gen anpil chaleù Kenskòf? (fredu)

Gen lè ou renmen bannann vèt? (mi)

On dirè se Kwa dè Boukè nou prale? (Kafou)

Yo di-m ke papa ou gen yon chwal nwa? (blan)

Legliz la lwen anpil? (tou pre)

Kreyòl la se yon lang ki difisil, konpè? (fasil)

Èske se a dwat pou-m vire devan Katye Jeneral? (a gòch)

Kay ou-a pi piti ke kay Alse-a? (pi gro)

Èske se fini ou pral fini travay la? (komanse)

M tande ke madanm ou rantre yè? (kite)

C. Answer the following questions:

Nan ki mwa nou ye?
Ki mwa ou fèt?
Kòman yo rele twa premye mwa ane-a?
E twa denye mwa yo?
Kòman ou rele twa mwa nan ane-a ki fè pi cho O Zetazini?
Mwa prochen se ki mwa l-ap ye?
E ki mwa mwa pase te ye?
Kouman yo rele twa mwa ki vi-n apre Mas?
Lè ou nan mwa d-jiye, ki mwa ki vi-n apre?
Kouman yo rele twa mwa ki vi-n anvan Oktòb?

D. Fè fraz avèk mo sa yo:

mizè andeyò
kou d-men
voye pye
sechrès
bonkou
atè
tan (weather)
okupe
mezu

E. Answer the following questions in the negative, using the pattern *O kontrè...dutou*. Make the necessary changes.

QUESTIONS AND CUES

Ou renmen pwa an sòs?
Lam veritab sa-a rèk?
Mango ti gason an pote yo pouri?
Korosòl pratik la vann nou an mi?
Ti-moun yo esoufle pou yo monte mòn nan?
Chwal papa ou la konn voye pye?
Etudiyen yo dekouraje jodi-a?
Nou gen lide rete O Zetazini apre?
Ti Andre konn naje byen?
Sechrès la rèd ane sa-a?
Ou danse anpil yè swa?
Yo vle nenpòt ki bagay?

ANSWERS

O kontrè, m pa renmen pwa an sòs dutou.
O kontrè, lam veritab sa-a pa rèk dutou.

F. Substitute the cues for *nou* in the sentence:

Nou fet pou n-okupe tet nou.

CUES

ti bway la
mwen
lezòt yo
ou
ti nèg la
ti-moun nan yo
nou
ti gason an
mwen
Jan
ploton an
ou

SENTENCES

Ti bway la fèt pou l-okupe tèt li.
Mwen fèt pou m-okupe tèt mwen.

G. Insert *apeprè* where needed in the following sentences.**SENTENCES**

Se travay sa-a l-ap fè.
Li rive vè twazeù.
Nou al O Kap tou le mwa.
Chaleù-a menm jan an tout ane-a.
Nou pa gen distraksyon isit la.
Li naje tankou mwen.
Ti-moun yo pran demi èu pou al lavil a pye.
Jounal la di laverite.
Sechrès la fini.
Malad la bwè mwatye medikaman an.
Yè, a leù kon sa, manman-m rive.
Pratik la vann tout kasav yo.

SENTENCES with *apeprè*

Se apeprè travay sa-a l-ap fè.
Li rive vè twazeù apeprè.

H. Formulate the questions for the given answers.**ANSWERS**

Jodi-a li fè move.
Sezon chaleù-a fèk kòmanse.

QUESTIONS

Ki tan li fè jodi-a?
Ki leù sezon chaleù-a kòmanse?

Korosòl se yon bon fwi.
Nou pral danse Eksèlsiò aswè-a.
Duri ak pwa rouj kole se pla nasyonal Ayiti.
Yo di tan an ap bèl demen.
Jan-Pòl mande-m pou-m ba-l yon kou d-men.
Touris yo pral naje nan pisi-n otèl la.
Li fè bo tan jodi-a.
M-esoufle paske m sot kouri.
Nou gen lide al O Kap semèn prochèn.
An midi-a gen viv, poul duri ak pwa sòs pou manje.

I. Review questions L.26 and L.27.

II. INDEPENDENT STUDY

Tape No. 30 -A

Sezon lapli

A. Lektu

Gen de peyi lapli pa janm tonbe, epi gen de peyi li tonbe tròp. Gen dèt peyi menm ki gen yon sezon sechrès ki long anpil, epi yon sezon lapli ki sanble li pap janm fini. Se kon sa peyi tropikal ye, kòm par ekzanp Ayiti avèk lezòt zanti yo. Peyi sa yo nan zòn siklòn ki fòme o sid, nan Mè dè Karayib. Leù siklòn sa yo kòmanse monte, tout moun peù, paske pèsonn pankò konnen ki rout yo va swiv ni ki kote y-ap pase. Yon ane yo pase yon kote, yon lòt ane yo pase nan yon lòt rejyon, men gen de rejyon yo renmen pase souvan. Tout kote yo pase se pakèt ravaj yo fè. Lavalas tonbe, loraj gronde, dlo desann, larivyè debòde, kay kraze, pye bwa rache, tren chavire, moun mouri anpil.

Yo kab fè anpil dega menm leù sant yo pase byen lwen. Lè ou nan keù bagay la menm se pi rèd. Chak ane yo retounen, chak ane yo rekòmanse ba yo non. Non premye-a kòmanse avèk A, non dezyèm nan avèk B, non twazyèm nan avèk C, epi se kon sa pou lòt yo. Men, tout non yo se non fanm, se paske leù fanm ap fè ravaj, se pa blag; yo frape fò e yo pa kite ou konnen ni ki leù, ni ki bò, ni pou ki sa. E mwen byen kwè ke se yon fanm ki di sa.

B. Kestyon

1. De ki sezon y-ap pale nan lektu-a?
2. Kouman ou rele sezon ki pa gen lapli ditou?
3. Tout peyi tropikal gen menm sezon?
4. Eske Ayiti nan zòn siklòn?
5. Ki kote siklòn yo fòme?
6. Leù siklòn kòmanse ap monte ki sa ki rive tout moun?
7. Pou ki sa tout moun peù lè sa-a?
8. Se toujou menm rout la siklòn yo swiv?
9. Men, èske gen de rejyon ke siklòn renmen pase lòt?
10. Kote siklòn yo pase, se yon pakèt ravaj yo fè?

11. Ki ravaj kon sa siklòn yo konn fè?
12. Ou konn tande loraj gronde deja?
13. Ki sa siklòn fè pye bwa yo?
14. E tren yo?
15. Eske se leù sant la pase yon kote seùlman li fè ravaj?

16. Leù gen anpil lapli ak van, sa ki rive larivyè yo?
17. Lè yo di dlo desann, sa sa vle di?
18. Sa ki rive de kay lè gen siklòn?
19. Konn gen moun ki mouri lè kon sa?
20. Lè yo di ou 'nan keù' yon bagay, sa sa vle di?

21. Se tou le semèn gen siklòn an Ayiti?
22. Pa ki sa non premye siklòn nan kòmanse?
23. E dezyèm nan?
24. Se non gason siklòn pòte?
25. Pou ki sa yo ba yo non fanm?

26. Ou konn wè siklòn deja? (yes)
27. Lè fanm ap fè ravaj se blag?
28. Eske van konn rache pye bwa?
29. Ki ravaj van konn fè ankò?
30. Ki kote konn gen siklòn O Zetazini? (nan sud)

C. Dictation

III. ORAL REVIEW OF LESSONS 28 AND 29

- A. Add *manke* to the verb in the following sentences. Remember that when the sentence is negative, *manke* comes immediately before *pa*:

SENTENCES

Korosòl la tonbe
 nan men ti gason an.
 Anita pa rive legliz
 Mwen te leve trò ta yè maten.
 Chofèu-a kraze oto-a nan yon aksidan.
 Dife-a boule kay madanm nan.
 Avyon an al kite Makdonal.
 Frè-m nan vini an Kalifòni ane pase.
 Mwen pa te gen lide ale ankò.
 Rivyè-a te debòde leù lapli te tonbe yè-a.
 Chaleu fè ti-moun yo pa ale lekòl.
 Lanèj te tonbe Montere semèn pase.
 Avyon an pa kab tounen La Gwadeloup.

RESPONSES

Korosòl la manke tonbe
 nan men ti gason an.
 Anita manke pa rive legliz la.

- B. Use *piga* with the verbs in the following sentences, to emphasize the interdiction, warning, advice or comprehension.

CUES

Fò ou pa monte pye kokoye-a, Tijo.
 Di Soveu pa desann lavil jodi-a.
 Pa kite-m wè ou fè sa ankò.
 Pa koupe chadèk la ak kouto sa-a.
 Pa mete afè ou nan chanm sa-a.
 Fò manadjè-a pa leve Makdonal anvan deuzeu.
 Fòk ti-moun yo pa rete nan dlo-a trò lontan.
 Pa ale pronmnen ak etudiyen yo.
 Fòk ti bòn nan pa boule pen griye-a.
 Pito yo pa pran oto-a jodi-a.
 Pa vi-n di-m ke ou pa te wè-l.
 Di machann nan pa vi-n vann grenadi-n ak korosòl demen.

